Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

DINAS KEBUDAYAAN
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA



Kocape para kang padha temen urun mring owah gingsiring budaya

jogja istimewa

NOMER: 31/III-2018

Uluk Salam

Para Pemangku lan Pamengku Budaya



Salam Budaya,

MUGI tansah winantu ing pamengku, kalawarti **SEMPULUR** sampun saged ajeg marak sowan wonten ngarsanipun para pamaos, nanging tartamtu taksih kathah kirang lan cewetipun. Pramila tansah dipunantu-antu panyaruwe saking para pamaos, supados ing tembe SEMPULUR tansaya celak saking kersanipun masarakat. Namung semantena kepareng matur, bilih saben SEMPULUR kababar tansah kathah panyuwun saking para pamaos supados saged tampi majalahipun. Bab menika saged kangge pratandha bilih **SEMPULUR** sampun wonten pemaosipun. Tegesipun, lekasipun kalawarti ingkang kagatra Dinas Kebudayaan DIY menika saged dherek ngayahi anggenipun sami sesarengan makarya kagem pangupakara lan pangembrakanipun kabudayan, mliginipun basa lan budaya Jawa, sampun nuwuhi ing sedya.

Edhisi 3 taun 2018 menika **SEMPULUR** caos atur babagan kridha pamarsudinipun masarakat kagem damel panjurunging sedya undhaking bobot atebing kabudayan Jawi, tansaya unggul, pinunjul lajeng saged minangka agul-aguling bangsa. Kabudayan unggul, saget dados margi lan jalaranipun majeng lan pikukuhing kapribadhen bangsa. Kathah priyagung pemangkuning budaya, para kawula ingkang tuhu ing budaya, pamulangan lang pawiyatan, organisasi budaya, ingkang sampun kersa suka lila saking pikajengipun piyambak tansah marsudi lan gegilut ing madyaning seni lan budaya. Para warga masarakat ingkang kados mekaten menika, tuhu sampun paring urun udhu ageng tumrap kemajenganipun kabudayaan. Saestu, owah gingsiring kabudayan inggih awit saking pemangku lan pamengkuning para warga.

Dinas Kebudayaan DIY ngajab tansah saged sesarengan warga masarakat, para pemangku lan pamengku kabudayaan, ngudi dhumateng lestantunipun kabudayaan amrih lajeng sempulur plajaring kabudayaan lan saged lelumban ing madyaning bebrayan ageng sajagat rat. **SEMPULUR** suka macak kridhaning warga anggenipun sami marsudi, gegulang, lan lelumban ngudi undhak boboting seni budaya bangsa. Sumangga.

BUDI WIBOWO, S.H. M.M.
Pemimpin Umum/Penanggung Jawab

Ringkes



Seniman Pardiman Djoyonegoro, kasil gawe metodhe wulang gamelan kanggo bocah. Metodhe kang karacik wis dicakake ing sanggare. Tepung-srawung-dunung. Manjur. Banjur? 7

Ki Juwaraya, ambyuk klebus leladi marang kumandhanging seni budaya tradhisi. Wis kulina tombok kanggo marsudi seni budaya Jawa.



16



Pelukis Ashady, tansah ajeg paring karikatur kanggo SEMPULUR. Nomer iki caos babagan "juragan-juragan" seni kang rumangsa urip penak. 22

Carita Cekak, Hamid Nuri. Sastrawan Jawa kang uga jurnalis iki asring gawe crita kang nalika dirasak-rasake bisa gawe guyu. Humor sindhiran.



36



KETERANGAN GAMBAR SAMPUL

"SERAT PANJI sumbebar di Asia Tenggara. Wayang Wong Panji, kalebu Wayang Topeng Pedhalangan, tokoh Inu Kertapati lan Dewi Sekartaji, nalika kagelar ngrenggani Festival Panji Internasional 2018 ing Bangsal Pageralan Kraton Ngayogyakarta. **(foto-ifid)**"

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta
mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

PEMIMPIN UMUM/PENANGGUNG JAWAB ■ **Budi Wibowo, S.H., M.M.**| PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Erlina Hidayati, S.IP., MM.** | WAKIL PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Drs. Suraya** | REDHAKTUR ■ **Drs. Dhanu Priyo Prabowo. M. Hum.** ■ **Purwadmadi** ■ **Joko Budhiarto** | EDH ITOR ■ **Sumarno** ■ **Ardini Pangastuti** ■ **A.Y. Suharyono** | SEKRETARIAT ■ **Drihardono, S. Sos.** ■ **Reksoprojo** ■ **Trisno Sujadi** | LAYOUTER ■ **Darmawan** ■ **Makarim** ■ **Akhriyadi** | JURU FOTO ■ **Ifit Khusnul** ■ **Lathif Cahyono.**

ISSN 2085-2673

ALAMAT REDHAKSI ■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POS-EL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

BRUNJUNG

Kridhaning Kabudayan Trumrap Pambanguning Karakter

MANUNGSA iku murih bisane saya maju pancen kudu sinau. Pasinaone manungsa undhake bisa kaweca saka wujuding kabudayan sing ginelar. Mungguhing wong Jawa, ajining dhiri iku ginambar aneng kridhane. Saya luhure bebudening manungsa tumrape wong Jawa, salah sawijine, diukur saka anggone bisa maca ing semu (pasemon) utawa sasmitaning prakara sing ginelar ing alam mayapada. Lantiping pamawas lan pangrasa mahani manungsa bisa "maca" mobah-mosiking kahanan sing tinemu.

Anane undhaking pasionan mau bisa kapirsanan urut-urutane jejibahan utawa leladi marang liyan, upamane endhang. Wus kapirsanan yen endhang iku wong sing dadi kongkonan sarta leladi. Nanging, endhang iku ya uga bisa sinebut putra wayahing pandhita. Nanging leladi, jalaran saka tararane iku ana beda-bedane, yaiku ubon-ubon (juru panyapu sarta pamasuh); abet-abet (juru panyapu sarta pamasuh); obatan (wong sing lagi mondhok anyar, gaweyane dadi begajagan, jaga kongkonan bangsane kang kasar-kasar bae); kaka-kaka (juru ngreratengi pangan); dedungik (pepingitan bakal dadi garwaning ajar, iya iku pandhita kenya kang wus dhuwur dhewe kawruhe); sontrang (jaga dadi dhukun); dhayang (juru tetebah sarta nyebari kembang ing sanggar palanggatan); mêntrik (juru rerawat samubarang); bidhang (jaga dadi inya nusoni putra wayahing ajar). Anane tataran kaya mangkono mau tumraping leladi iku mesthi bae ora mung ngayawara ancase tujuwane. Iku kabeh nuduhake yen kabudayan Jawa iku ngluhurake anane kabisan/kasagedan amarga pengalaman kan kawruhe ing pagaweyan. Siji lan sijine iku didhasari saka kaprigelane anggone nampa pasionaon sing tinampa.

Awit saka iku, mula pamulangan utawa panggulawenthah ing babagan watak (karakter) iku penting banget kanggone manungsa Jawa. Pambudidaya kanggo nglestarekake lan numangkarake manungsa sing munjung marang kabudayane iku dalane sapirang-pirang, mligine sing magepokan karo sarupane kagunan lan adat tatacara. Wayang (utamane wayang kulit purwa), ing madyaning bebrayan agung Jawa, dadi salah sawijining kabudayan sing mbalungsungsum lan dadi piranti utama mulang ing bab karakter. Awit, saka wayang sok-sapa bae bisa sinau samubarang prakara karo wewatekane manungsa sawutuhe. Mangkono uga ing kagunan liyane sing cinipta ing susastra lan basa. Saka kono, sapa bae, bisa sinau ing babagan tatakramane sesrawungan karo manungsa liyane. Amrih ora nuwuhake rasa sing ora kepenak, panganggone basa sing rinumpaka ing sastra kudu bisa laras karo kahanane. Iya awit lantiping anggone maca semuning liyan. Lan kagunan-kagunan liyane kayata: beksa, bathik, padhalangan lan waranggana, arsitektur, ora kalah pisumbange tumrap pambanguning karaktere manungsa lan bangsa. Semono uga adat tatacara sing wus diwarisake leluhur lan lumintu tumekane saiki, dadi dalane mikukuhake karaktering bangsa. Adat utawa tatacara iku bisa nuduhake tekan ngendi tebane olah pikire lan gegayuhane manungsa (Jawa) anggone lumantar panalaran linandhesan nilai-nilai luhur.

*****

LATAR

Numpaki Owah Gingsir

OWAH gingsir iku kasunyatan kang ora bisa diendhani. Owah gingsiring kahanan, mesthi ana jalarane. Saliyane kodrat alam, owah gingsir iku dumadi amarga saka trekah lan pambudidayane manungsa. Akeh manungsa kang bisa jumeneng dadi priyagung kang madeg nyantosani gumregahing owah gingsir. Priyagung kang dadi jalaran owah gingsire kahanan tumuju kang luwih becik tumata lan migunani. Priyagung kang kaya mangkene iki asring ingaran "agen-agen perubahan", pamangku lumantaring owah gingsir.

Wiwit jaman uni, tansah ana priyagung kang kersa lan bisa jumeneng madeg ngawaki dumadine owah gingsir. Kalebu ana ing owah gingsire olah kagunan seni lan budaya. Kayata, Ki Narta Sabda, dhalang kawentar kang kagungan daya pangaribawa owah gingsire pakeliran lan pendhalangan ringgit purwa. Rumpaka gendhing anyar, sanggit mungguh, lan bobot dayaning sastra pedhalangan sansaya moncer macak tur nengsemake. Ki Ganda Darman lan Ki Manteb Sudarsono, kang yasa krenah solah sabeting ringgit, banjur nuwuhake pakeliran ringgit purwa kang gawe sengsem lan cingak amarga tandang sabeting ringgit kang cucut. Nyi Condrolukito, ngasta yasan cengkok sindhenan anyar kang beneh kalawan pakem paugeran sindhenan sing wis kalumrah. Akeh empu sindhenan kang ora mathuk marang cengkok sindhenane Bu Condro, nanging uga akeh kang remen, malah dadi padhemen. Uga Ki Mantho'us, kang gegrayang nguthak athik gamelan supaya jumbuh kalawan suwara organ, dadi jalaran anane musik campursari kang banjur ngrembaka sumebar.

Priyagung kang kersa nyalirani repot lan kangelan kaya mangkono iku akeh cacahe lan sumrambah nganti tumekan jaman saiki. Kayata, Ki Bondan Nusantara ing jagading kethoprak. Ki Pardiman Djoyonegoro ing karawitan bocah. Nyi Sri Suwarti, kang gegatra angguk putri. Ki Juwaraya kang paring gegulang marang bocah kang gelem sinau seni ing daleme. Utawa KMT Projosuwasono, kang ora nate kendhat ngupakara kabisan nembang Macapat, paring warah lan wulang ing ngendi-endi papan. Ki Subandi Giyanto, tumemen ngrembakake seni rupa (gambar) tradhisi lan suka paring wulang marang para wiranem. Priyagung-priyagung kang kaya mangkono iku temene bisa kajumenengake dadi "pahlawan kabudayan" amarga lila legawane urun gawe owah gingsire kahanan. Ing tlatah DIY iki isih akeh maneh priyagung kang tanpa kendhat suka gawe jalaran pangrembakane seni budaya.

Wis wancine, kiprah lan kridhane para priyagung winasis lan luhur ing budi iki bisa kacathet banjur kaweca dadi wulang patuladhan. Owah gingsire kahanan, maju kuncarane seni lan budaya, mesthi ana kang jalari. **(Jkb)**



Pawai FKY 30 mesem meleh (**foto-fid**)

Kridhane Para Pamangku-Pamengku Lekas Laju Lampahing Kabudayan

PANCEN, pesat laju plajare pangupakara lan pangrembakane kabudayaan, bali marang kridha lan pangiguhe para pamangku lan pamengku budaya ing tengahing masarakat. Para paraga pamangku lan pamengku iku lumrahe nglenggahi laku temen pengawak empu, pinisepuh, pamomong, panggilut, paraga, lan pamarsudi kang sinuyut dening para sutresna.

Mula, saliyane "objek-objek kebudayaan" ana ing "Undang Undang Nomor 5 Tahun 2017 tentang Pemajuan Kebudayaan" lan uga "Peraturan Daerah Istimewa Nomor 3 Tahun 2017 tentang "Pemeliharaan dan Pengembangan Kebudayaan", babagan "sumber daya manusia kebudayaan" (SDM) dadi kawigaten kang murwat. SDM kabudayan dadi pamangku lan pemangku kunci tumrap kupiya gawe pamajune kabudayan.

Ing Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY), meh saben dhusun mesti ana priyagung kang kersa jumeneng dadi pamangku lan pamengku budaya. Ana kang pancen lulusan pawiyatan luhur ing babagan budaya, pegawai negeri, guru sekolah, lan akeh uga kang otodhidhak lan ngugemi naluri warisan turun temurun. Meh kabeh amarga kasinungan rasa seneng, kersa gegilut awit saka kersane dhewe, ngugemi pangudange para luhur, mikul jejibahan mangku lan mengku budaya. Ora sithik kang banjur nuwuhake panjurung anggone madeg dadi pamangku lan pamengku budaya iku, sisan gawe dadi pegaweyan bedinan kang kagatra dadi *profesi* luhung. Tegese luhung iku ora mligi dadi penggautan nanging uga kebak sedaya nuhoni kewajiban sosial, tugas kultural, ayahane wong urip neng tengahing masarakat.

Yen kacacah lan kapiji, gunggunge mesthi bae akeh banget. Wiwit jaman kawuri, wis ana pamangku lan pamengku budaya kang kajumenengake minangka empu, guru, sesepuh, lan sumber kawruh. Saka wengkon Kraton Dalem nganti tumekan karang pradesan. Babagan seni klasik istana, nganti tumekan adat tradisi lan seni tradhisi kerakyatan. Saka ing babagan kawruh luhur pangastutine gesang, nganti tumekan babagan kang gayut kalawan urip bedinan.

Pamomong-Pamangku-Pamengku

Umpane, Ki Sadipan, Bejiharjo Gunungkidul, puluhan taun, seka taun 70-an, nyalirani dadi guru karawitan lan sindhen. Ki Slamet Haryadi, Wiladeg Gunungkidul, wis luwih 30 taun

gawe pawiyatan kanggo mulang bocah-bocah kang remen sinau pedhalangan. Kamangka, Ki Slamet dudu seniman turun dhalang. Ki Juwaraya, Tamartirto Bantul, direwangi nyithak lan dodolan bata dimen bisa nyukupi anggone para bocah, para mudha, lan kadang sepuh tangga teparone bisa gegulang lan gladhen seni ing daleme. Ki Subandi Giyanto, Gendeng Bangunjiwa Bantul, guru seni kang telaten gawe lukisan kaca lan wayang beber, uga nampa siswa kang suka sinau marang corat-coret tradhisi. Nyi Sri Wuryanti, Pripih Kokap Kulonprogo, tansah gegulang marsudi seni Angguk Putri, yasa sanggar lang paring wulang marang bocah lan remaja. Ki Djoko Mursito, Pengasih Kulonprogo, ngimpun tenaga-tenaga mudha gegulang marang seni kang tumuju marang onjo lan pamajune kabudayaan Kulonprogo. Gotrah ahli waris Ki Sugito-Sugati, Pajangan Sleman, tumekan saiki tansah nempuh kridha pangrembakane seni tradhisi, mligine kethoprak, karawitan, lan pendhalangan. Ki KMT Projowusasono, Rotowijayan Yogyakarta, ora nate kendhat anggone paring wulang Macapat dhumateng sapa bae kang remen lan ngersakake. Orang mung mligi ing Kraton Ngayogyakarta, Romo Projo malah kersa tindak ing karang pradesan nyebar karemenan gladhen nembang Macapatan. Ki Bondan Nusantara, Kasongan Bantul, empu kethoprak uga suka lila mider tekan ngendi-endi papan nggladhi lan paring seserepan bab kethoprak. Ki Yuwono Sri Suwito, Ngadiwinatan, Yogya, tansah remen paring seserepan babagan kawruh kabudayan Jawa kagem warga masarakat. Ki Emha Ainun Nadjib, Kadipiro Ngestiharjo, yasa Makiyahan lan Gamelan Kiai Kanjeng, kang terus paring leladi marang masarakat kathi seseran lan wawasan merdika. Ki Bambang Paningron kang ora nate kendhat gawe agendha kabudayan lintas bangsa, lintas negara. Ki G Djaduk Ferianto, kang mataun-taun temen anggone gegatra Ngayogjazz nganti dadi acara kondhang. Ki Iman Budhi Santosa, sastrawan sepuh, tansah nyebar ngelmu titen, telaten, lan iguh tumrap para sastrawan mudha anggone ngudi marang susastra adi. Ki Pardiman Djoyonegoro, Karangjati Kasihan Bantul, suka nyebar karemenan nabuh gangsa kagem lare-lare.(Punwaos: *Pardiman Pangreka-reka Karawitan Bocah*)

Isih akeh banget priyagung luhur liyane kang kersa nyarirani laku budi luhur kanggo pangrembaka lan lestarine kabudayaan. Yen kasebut katurake ing tulisan iki mesthi bae bakal rupak papane. Kaya panyandrane ki dhalang, " turah rupa kurang candra" kang tegese bakal kentekan tembung.Durung yen kacandra kridha lan kiprahe para "seniman-budayawan" miturut objek kabudayaan kang diantebi, ing DIY ora bakal kurang kang unggul, kondhang kaonang-onang nganti manca negara. Uga kiprahe sangar-sanggar, pawiyatan, lan padhepokan. Nanging ingkang baku, pangupakarane lan pangrembakane kabudayan ora nate bisa kasapih saka kiprah leladine para pamangku lan pamengku budaya. Para "Maestro Budaya" iku lokomotif tumrap "gerbong-gerbong kabudayan". **(pdm)**



JISP 2018_kawasan UGM ***(foto-fid)***

Pardiman, Pangreka-reka Karawitan Bocah



Pardiman Djoyonegoro, lagi nabuh boning. Gumbira ngajak siswane mirengake supaya "tepung" banjur bisa "srawung" marang gamelan ***(foto-fid)***

TUMRAP Pardiman Djoyonegoro (54), gamelan iku unik, wasis-lantip-waskita. Katone, mung barang utawa instrumen. Bareng wis ditabuh dening manungsa, gamelan bisa dadi sumber orkestrasi utawa karawitan. Gamelan dadi sarana karawitan. Karawitan gamelan, nuwuhake wulang luhur. "Gamelan lan karawitan kuwi harta karun. Kitab kehidupan," ngendikane Pardiman nalika *SEMPULUR* sowan ing daleme kang uga "studhione".

Gamelan iku perlambange manungsa. Wujud lan suwarane beda-beda. Gamelan kang amrih ngumandhang uni lan nadhane kanthi cara katabuh, kathutuk, werna-werna lan akeh banget. Beda-beda suwarane. Dijangkepi kang katabok (kendhang), kapethik (siter), kagesek (rebab), lan kasebul (suling), dadi komplit. Saben instrumen duwe watak lan tugas dhewe-dhewe. Bareng ditabuh bareng dadi karawitan, orkestrasi musik, bisa gawe sengsem lan resep. "Gamelan lan karawitan duwe wulang, sanajan beda-beda nanging bebarengan bisa tembayatan gawe tuwuhing rasa laras, gawe remen resep, lan endahing suwasana. Gamelan sasmitane urip tembayatan," Pariman ngendika.

Karawitan uga bisa nuwuhake wulang bab urip kang temen tansah ngudi marang ladheping pikir lantiping rasa, jalaran sapa wae kang nembe bareng nabuh gamelan gawe ungeling karawitan, kudu gelem rasa-rinasa, deleng lan ngrungu unine kabeh instrumen gamelan kang ditabuh liyan, ora mung mligi ngrungu ungele instrumene dhewe. "Ngrawit kuwi kudu gelem ngrungokke liyan, deleng liyan, mituhu marang garise laku wirama. Ora isa nggugu karepe dhewe. Iki rak ya wulang becik ta Mas?"

Melu ngrawit, uga kudu bisa ngrasa liyan bareng karo ngendhaleni dhiri. Saben dhiri kang nembe ngrawit kudu percaya mara dhiri pribadhi bareng kalawan percaya marang liyan, sesamaning kanca ngrawit. "Ngene, istilahke, kudu bisa menahan diri, menguasai diri, saling menghargai, dan selalu bekerjasama. Dadi, gamelan lan karawitan iku warisan luhur kang ngemu surasa wulang urip becik, urip bebarengan sasama samaning dumadi," ngendikane Pardiman pratitis. Apa maneh yen katalisik nganti tumekan lirik utawa *cakepan sindenan, tembang, gerongan,* kabeh ngemu surasa wulang luhur, ajaran tumuju marang kabecikan.

Pardiman nglenggana yen gamelan lan karawitan, kalebu pakem wirama lan paugerane, ora ginatra kanggo bocah cilik. Nanging, amarga gedhe daya pangaribawane tumrap pendhidhikan budi pekerti, mula Pardiman gawe cara amrih gamelan lan karawitan bisa dadi sarana edhukasi. Gamelan lan karawitan dadi wulang tumrap bocah jalaran bisa dadi sarana anggone para generasi mudha memangun jatidhiri lan kupiya amrih lodhang urip pamburine. “Ning, piye carane nabuh gamelan kanthi rasa seneng, gumbira, merdika.” **(pdm/fid)**

Metodhe Gamelan Bocah



Ngajak bocah “srawung” gamelan kudu telaten lan sabar, gawe bocah seneng lan ayem. ***(foto-fid)***

Pardiman Djoyonegoro, duwe gegebengan “metode pembelajaran gamelan kepada anak-anak”. “Metodhe” kang kagarba dening Pardiman kanthi sarana sinau marang para guru, para empu, para budayawan, lan winasis liyane. Banjur kawuwuhi seserepan kang kapethik saka pamulangan lan pengalaman lapangan. “Metodhe” iku banjur kagatra mangkene:

Srawung–Tepung–Dunung-Pirsa–Reka-reka

Srawung, tuwuh rasa seneng. Tepung, gelem lan seneng nyoba, kenal saya akrab. Dunung, wiwit bisa, terus ngerti, banjur terampil lan ahli. Reka-reka, tuwuh nalar lan rasane, gawe riptan liya kanggo nyambung komunikasi marang liyan.

“Metodhe” iki kang dadi pedhoman Pardiman ngasta marang bocah-bocah kang saben dina ora kendhat sinau lan gladhen gamelan-karawitan, tembang, lan seni-seni kreatif liyane ing daleme. Gamelan ing astane Pardiman, bisa dadi sarana wulang kagem bocah. Sarana wulang kang gawe bocah padha gumbira-merdika. **(pdm/fid)**



Subandi, Wulang Wayang Pangilone Gambar Kaca

Subandi Giyanto, seneng suka paring wulang menawa ana bocah kang nyuwun sinau gawe gambar lan natah-sungging wayang. Uga gambar tradhisional gayut karo wayang lan tradhisi Jawa, kayata pawukon lan pitutur luhur. ***(foto-fid)***

ORA mung pisan pindho, kerep. Malah kaya wis dadi kang kudu kalumrah. Subandi Giyanto, ujuk-ujuk ketekan bocah-bocah cilik kang nyuwun diajari gawe gambar wayang. Saka karepe bocah dhewe ora ana sing akon. Ana sing nyuwun dilatih nyungging. Kabeh tansah diladeni. "Pawitane seneng. Malah jaman isih aktif dadi pegawe negeri, akeh bocah cilik siswa SD SMP sing sinau mrene, baline tak sangoni," caritane Subandi nalika SEMPULUR sowan daleme ing Gendeng, Bangunjiwo, Kasihan, Bantul.

Ana uga kang pancen diadani dening sekolah, telung jam latihan gawe wayang mrene. Utawa Subandi diaturi tindak sekolah, menehi seserepan bab wayang. Subandi pancen guru seni ing SMKN 5 Yogyakarta, saiki wis pensiun. Nanging, kang sinau gawe wayang lan gawe gambar kaca ora mligi murid ing sekolahe. Akeh kang tumeka saka ngendi-endi papan sinau gawe wayang lan gawe gambar kaca ing daleme. Ora winates bocah, nanging wong dewasa uga akeh kang sinau ing daleme. "Aku ora bukak sekolahan utawa kursus. Sang sing teka utawa ngundang sinau gawe wayang lan nglukis kaca bakal tak ladeni. Lhawong dha seneng wayang we aku wis melu seneng, apa maneh dha gelem gawe," ngendikane Subandi lulusan Seni Rupa FKSS IKIP Yogyakarta iku.

Saiki Subandi uga kondhang minangka pelukis kaca. Sejene gawe wayang, Subandi pancen gawe gambar wayang beber ing kanvas lan lukisan tradhisi. Subandi uga gawe gambar pawukon, gambar pitutur, lan gambar wayang ing kaca bening lan kaca pengilon. "Bab nggambar, ora ana rahasia-rahasianan. Kabeh tak bukak, sapa wae sing arep sinau mangga," ngendikane sinambi carita bab murid lan bocah kang nate sinau ing daleme. Akeh para mudha kang nalika cilik sinau marang Subandi saiki wis padha dari mahasiswa, banjur padha terus seneng wayang, malah akeh sing melu gawe gambar kaca.

Nicolas Escobar, dosen National University Singapore, wis bola bali ngajak mahasiswane sinau ing daleme Subandi. Escobar dhek biyene uga nate sinau gawe wayang marang Subandi. Tanggl 28 September, Escobar teka ngajak 28 mahasiswane. Sedina muput bakal workshop wayang ing daleme Subandi. "Escobar saben taun teka mrene ngajak mahasiswane. Cacahe terus saya akeh, sepisane mung lima, sepuluh. Taun wingi 20 saiki kok 28 mahasiswa. Le dha workshop wayang nang kene tak gawe kaya ewuh gedhen. Pamrihe ben bisa duwe dhampak ekonomi neng dhusun kene," pangangkahe Subandi.

Subandi uga nampa siswa sekolah seni Praktik Kerja Lapangan (PKL) ing daleme. Subandi uga nate nampa patisara saka Gubernur DIY jalaran bola-bali siswa kang kabimbing tansah juara ing Kompetisi Seni Rupa tataran siswa. Kabeh patisara anugerah seni kang nate katampa wis 73 cacahe. Lukisan kaca kang karipta uga narik kawigaten para pamangku lan pemangku seni. Ajakan pameran nasional lan jaban rangkah terus lir gumanti. Nalika *SEMPULUR* sowan daleme, lagi wae kondur saka pameran lukisan kaca ing Malang. Tamu saka manca negara uga lumintu rawuh. "Katemben, lukisan kacaku dikoleksi Asian Arts Museum ing San Fransisco, USA. Direkture museum iku langsung nakyinke rawuh mrene amarga seneng karo lukisanku," ujar pengendikane bares.

Uga saya akeh kang gawe kajian lukisan kaca kang karipta. Katemben ana kang lulus tesis S2 Universitas Negeri Jakarta kang ngrembug babagan kala, lan Subandi dadi narasumbere. Saiki nembe ana mahasiswa S2 Universitas Negeri Yogyakarta kang lagi gawe paniliti babagan tokoh Petruk ing lukisan-lukisane Subandi. "Made Torismahendra, sing lagi nempuh S2 ing India uga gawe tesis babagan lukisanku. Ya mesthi wae seneng atiku dene lukisanku antuk kawigaten saka ngendi-endi," kandhane Subandi. **(pdm)**

Ngumandhange Serat Nayaka Lelana

MACAPATAN, nembang macapat, saiki wis bangkit maneh, dadi tradhisi kang ajeg diadani dening masarakat DIY. Paguyuban Macapatan tuwuh ing ngendi-endi papan, saka laladan kutha nganti tekan karang pradesan. Yen nalika semana Macapatan bareng karo anane upacara adat, saiki Macapatan wis kapacak, kaperdi luwih pernes, kang diadani mligi kanggo Macapatan. Kepara malah rinengga suwaraning gangsa lan asring kawimbuh sarasehan budaya Jawa. Akeh para mudha kang wiwit padha gelem gegulang nembang macapat.

Pamarintah Kabupaten lan Kota ing DIY uga padha gumregah nyengkuyung lan ngadani Macapatan Selapanan. Dinas Kebudayaan DIY saben sasi spisan uga gawe agendha Macapatan mubeng, nyedhak marang papan panggonane masarakat gegladi lan unjuk kridhaning nembang. Malah ana kang nyawiji ing agendha Pawiyatan Jawa ing Desa-desa Budaya. “Macapatan saiki katon grengseng. Kaya kula niki sesasi sepisan mesthi melu mubeng nekani Macapatan teng kampung, Estu ngremenaken,” ngendikane Drs. Drihardono, Kepala Seksi Bahasa Jawa Dinas Kebudayaan DIY.

Kanggo ngimpun lan ngatonake gumregahing warga sa DIY anggone marsudi Macapatan, Dinas Kebudayaan DIY saben taun ngadani Macapatan Massal. Ngumpulake para padhemen lan panggilut Macapatan saka sa DIY, cacah 500 wong, utawa 100 wong saben kabupaten/kota. Taun 2018, wis kaleksanan ing Pendapa Dinas Kebudayaan DIY, Jalan Cendana Yogyakarta, 30 Agustus kepungkur. Para panggilut Macapatan cacah 500 wong banjur bebarengan nembang. Dene kang dadi pangarsaning tembang, 50 priyagung utawa 10 wong saben kabupaten/kota. Cacah 50 pemandhu mau kapimpin “Maestro Macapat DIY”, KMT Projosuwasono, kang katelah Romo Projo.

Bareng kawiwitan, suwarane para penyekar macapat cacat 500 wong mau keprungu gumarenggeng ngumandhang ing ngantariksa. “Taun niki saya katon ngengreng, kebak ing kawibawan. Kanyata, tembang Jawa niku bisa gawe rasa greng tumrap kang miarsi,” ngendikane Drihardono.

Cakepan tembang macapat kang padha bebarengan katembangake, kapilih saka serat luhur, tembang-tembang aji, yasane para ngaluhur ing kawuri. Taun 2018, Macapatan Massal ngumandhangake tembang saka ***Serat Nayaka Lelana***, anggitane Mr. Soesanto Tirtodiprodjo.

Surasane serat, carita bab lelanane nayaka praja, kang asma Santo, tindak mubeng karang pradesan sinambai makarya lan mratitisake kahanane kawula, amarga ibukota republik proklamasi, Yogyakarta, dibroki Walanda, *Clash II*, 19 Desember 1948. Para pemimpin sipil ditangkep Walanda lan dibuwang marang luar pulo Jawa. Para nayaka banjur uga sumebar melu bela gerilya bareng karo perjurit TNI. “Serat Nayaka Lelana” ngandharake kiprah kirdhane nayaka nalika jaman pendhudhukan Belanda.

Panembanging serat uga kawengku sekar-sekar pahargyan rawuhe tamu (*Sekar Ageng Manggalagita*) lan Sekar Ageng wiwit saka *bawa*, *ompak-ompak*, nganti tekan tembangane *Mijil Wedharingtyas*, kawimbuh tembang pamuji donga, lan Kapungkasi nganggo tembang Pangkur. Macapatan Massal saiki wisa dadi agendha seni kang kaantu-antu. **(pdm)**



Mocopat masal ing pendapa Dinas Kebudayaan DIY. ***(foto-fid)***



Sri Wuryanti, Pangarsane Seni Angguk Putri Kulonprogo



Sri Wuryanti, ***(foto-smn)***

SENI Angguk wis tuwuh ngrembaka ing Kulon Progo kawit taun 1900, mligine ing tlatah tapel wates Kulon Progo-Purworejo Jawa Tengah yaiku ing wewengkon Kokap. Kesenian Angguk ngrembaka ing karang pradesan minangka wujud sukur para kadang tani marang Gusti Allah Kang Akarya Jagad sawise kasil panen pari. Ngepasi malem purnama sidi, para nom-noman pria banjur kridha jejogetan kanthi cara manthuk-manthuk (nangguk-anggukake sirah) satengah lapangan kairing alat pengiring kang prasaja. Ketlorong cahya rembulan katon endah, laras karo wirama gendhing gumyak-gumyak suka parikena narik kawigaten masarakat sakiwa tengene.

Nalika taun 1991, pelatih tari Sri Wuryanti ngedegake Paguyuban Angguk Sri Lestari ing Pripih Hargomulyo Kokap Kulon Progo kang dipandhegani dening R Joko Mulyanto. Jalaran kridhane Sri Wuryanti, seni angguk kang kabeh paragane remaja pria, diganti paraga rumaja putri. Seni Angguk Putri Paguyuban Sri Lestari pentas sepisanan nalika tanggal 17 Agustus 1991 ing Pripih Hargomulyo Kokap. Pentas sepisanan iku pranyata Angguk Putri entuk kawigaten masarakat, malah gawe sengseme masarakat.

Angguk Putri Sri Lestari tansaya kuncara, sairing tanggapan pentas kang ilir mbanyu mili. Ngisi ing acara pemerintah, merti desa, kajad warga kayata mantenan, sunatan, sukuran lan sapanunggalane. Dening masarakat gerak tari Angguk Putri dianggep luwih luwes lan endah ngresepake katimbang angguk kanthi paraga pria. Mula pentas Angguk Putri Sri Lestari tansah ditunggu-tunggu lan saben pentas mesthi jejel riyel kebak masarakat sutresnane.

Ananging kegawa horeg kahanan krisis moneter Indonesia ing taun 1997, Paguyuban Angguk Sri Lestari melu kena imbase lan banjur dibubarake rikala taun 2000. Kegawa adreng nguri-uri kabudayan lan ngrembakake seni Angguk Putri kang wus entuk kawigaten masarakat Kulon Progo, Sri Wuryanti banjur ngedegake Sanggar Sri Panglaras nalika tanggal 1 Januari 2001.

Ing daleme kang asri Pedhukuhan Pripih Desa Hargomulyo Kecamatan Kokap, wanita kelairan Purworejo 16 April 1966 iku marang Sempulur ngandharake menawa nalika madege, Sanggar Sri Panglaras mung duwe siswa binaan bocah cacah 6. Ananging bareng karo lumakune wektu, tekan saiki siswa binaane wus luwih saka 150 bocah, kawit umur 2,5 taun nganti 18 taun. Gladhen diadani seminggu sepisan nalika dina Ngaad tabuh sanga nganti siji awan. Kelas kaperang dadi loro yaiku kelas anak lan kelas remaja.

"Nalika pentas taun 1991 busana kostum angguk putri dereng gadhah piyambak, tasih kedah nyewa wonten Purworejo. Semanten ugi alat pengiringipun namung prasaja. Dangu-dangu lajeng saged tumbas kostum saha alat pengiring piyambak senajan namung "*setengah pakai*". Kostum sampun ngangge busana krah Sanghai, clana cekak, slendhang bathik, kacamata riben kangge penari, topi pet saha kaos kaki.. Lajeng alat pengiring kala semanten namung kendhang, rebana, kecrek saha bedhug," andharan garwane Pak Surajiyo lan ibu saka Sakti Eko Kurniawan saha Aprillia Wedaring Tyas SSn.

"Honor sepisanan ingkang dipuntampi lare-lare menika setunggal ewu rupiah nalika taun 1991. Jaman semanten dereng kathah hape, dados arta honor lare-lare menika kula arahaken supados dipuncelengi, saengga sasampunipun mlempak saged kangge nyukupi kebutuhan ingkang migunani. Saged kangge biaya sekolah, mbiyantu tiyang sepuh menapa saged kangge tumbas kalung, anting utawi ali-ali," Sri Wuryanti nambahi katrangan.

Sri Wuryanti ambyur ing donyaning Angguk Putri wis luwih saka pitulikur taun. Wus akeh pengalaman pait manis, puja-puji, panyaruwe, klebu pangina saka pihak kang ora seneng kiprahe sasuwene ngesuhi Angguk Putri. Ananging wanita kang saben dinane minangka dwija Sekolah Luar Biasa (SLB) Negeri I Kulon Progo iku tetep adreng yasa ngrembakane Angguk Putri lumantar Sanggar Sri Panglaras Pripih Hargomulyo. Sri Wuryanti duwe pangajab, Angguk Putri kang wus dadi seni idhentitas unggulan Kabupaten Kulon Progo bisa tetep diuri-uri lan dingrembakake sairing tuwuhe sanggar-sanggar seni Angguk ing Kulon Progo, kanthi piweling aja nganti "*proses regenerasi*" seni Angguk nyimpang saka tatanan pakem tari Angguk lan pakem syair-syair kang ngajak marang kabecikan lan ngedohi tumindak angkara murka. **(smn)**

Wayang Wong Sepuh Tetap Puguh Gegayuh

WAYANG wong ing Desa Bangunjiwo jebul wis suwe ngrembaka. Sawise vakum suwe, i taun 2011 madeg maneh kanthi pemangku sing beda senajan para paragane wonge isih tetep padha. Mung wae saiki wis padha tuwa-tuwa. Senajan wis tuwa nanging yen ana sandhuwure panggung tandange isih katon sigrak.

Miturut Samadi, pangarsa Paguyuban Wayang Wong Suko Budoyo, sing mapan ana ing dhusun Lemahdadi, Bangunjiwo, Kasihan, Bantul, wayang wong ing Desa Bangunjiwo pancen wis kiprah suwe. Kawit sadurunge taun 65 wis ana. Taun 65 mujudake wayang wong generasi ka loro. Biyen jenenenge Paguyuban Wayang Wong Ngesti Taruna Budaya. Sawise ana kedadeyan tragedi politik taun 65, banjur vakum nganti 25 taun.

"Satunggaling dinten kula dipuntimbale Pak Lurah Bangunjiwo, kala semanten Pak Lurah Bibit, dipun dhawuhi kangge nggesangaken wayang wong malih ingkang nate wonten Bangunjiwo. Kula lajeng ngontak kanca-kanca ingkang sedaya sampun lansia. Sedaya sami purun. Lajeng dipun bentuk paguyuban, inggih menika Paguyuban wayang Wong Suko Budoyo ingkang madeg taun 2011," pratelane Samadi.

Paguyuban Wayang Wong Suko Budoyo sing dipimpin dening Samadi kasebut, rehne dudu wayang wong komersial, olehe latihan dislarasake karo kahanan. Yen arep ana tanggapan utawa arep pentas Agustusan, biasane olehe latihan disrempeng. Nanging ing liya wektu latihane ya mung kala-kala.

Ngelingi Wayang Wong mujudake sawijining seni tradhisi sing wis rada langka, upaya kanggo regenerasi uga tansah ditindakake murih wayang wong ora nganti cures. Nanging pranyata ora gampang. Miturut Samadi, generasi anom wis arang sing ketarik karo seni wayang wong. Apa maneh, joget wayang wong uga ora gampang. Nanging yen kanggo tari bedhayane, regerasi cukup gampang. Akeh bocah-bocah lan remaja sing padha ketarik lan melu latihan ing sanggar sing penere jejer karo daleme iku. **(din)**

Sanajan wus padha yuswa sepuh, nanging paraga Wayang Wong Suka Budaya, terus gegulang ngudi kagunan Jawa. Ora pasrah marang kahanan.***(foto-din)***



SD Taman Siswa Jetis Terus Marsudi Budaya Jawa



Murid-murid Perguruan Taman Siswa tansah kacaketake marang seni-seni tradhisi kang cundhuk kalawan kebutuhane bocah, yaiku dolanan, gumbira, lan mardika. Kiprah seni kanggo nglaras budi luhur, wateg adinine para bocah. ***(foto-aye)***

LESTARI. Tembung pas kanggo brayat Taman Muda, Taman Siswa Jetis. Sekolah iki temen peduli marang budaya, mligine budaya Jawa, dadi muatan lokal ing sekolah. Miturut Kepala Sekolah Ibu Endang Sri Werdiningsih, S.Pd, kiprah sing ajeg digelar lan minangka pelajaran yaiku Dolanan Bocah, Tari Klasik Gagrag Ngayogyakarta, Keroncong, lan Karawitan.

Kepala Sekolah sing padatan diaturi Ibu Endang iku nambahke, kepeneran sekolahe nduweni gamelan dhewe, kanthi mangkono saben-saben bisa olah gladhi tanpa pepalang. Kejaba muatan lokal, ing wektu mirunggan sekolahane ngadani upacara migunakake basa Jawa lan kabeh guru lan siswa wajib nganggo busana kejawen gagrag Ngayogyakarta. Sakabehing kegiatan mau disengkuyung wong tuwane siswa, kanthi mangkono sakabehing program bisa lumaku kanthi rancag.

Pangajabe sekolah, kanthi ngembangke budaya Jawa siswa uga bisa aktif ing masarakat kiwa tengen, nandur percaya dhiri lan ngrembakake budaya Jawa ora mung winates segi kognitif, nanging uga psikomotorik mligine babagan budaya Jawa, lan paling penting nggladhi lan nresnani budayane dhewe, mangkono andharane Bu Endang.. (**aye**)



Bondan Nusantara lan ibune, Nyi Kadariyah (alm). Lagi reriungan carita bab maestro Kethoprak Mataram Tjokrodjija kaya kang katon ing foto sing lagi padha kacepeng. ***(foto-fid)***

Bondan Nusantara Maestro Kethoprak

AKEH kang nyebut Bodan Nusantara iku "peternak kethoprak". Tegese padha suka panjurung lan pengaken tulus, Bodan Nusantara pancen gedhe kiprah, kridha, lan lelabuhane marang kethoprak. Kaya Sri Wuryanti (seni angguk), Juwaraya (penggerak seni), KMT Projosuwasono (macapat), Pardiman Djoyonegoro (gamelan bocah), Subandi Giyanto (seni rupa tradhisi), lan isih akeh maneh priyagung ing DIY kang kersa jumeneng madheg minangka cultural agent of change, agen perubahan budaya, lanjaran lumantare owah gingsir kabudayan. Bondan Nusantara ing babagan seni tradhisi kerakyatan kethoprak daya pangaribawane ora winates minangka paraga, nanging uga sutradara/dalang, panganggit lakon, rakit pangecaking seni panggung kethoprak, pelatih pemain kethoprak, pembina grup kethoprak, tim kreatif pangecaking festival kethoprak, nganti babagan kawruh ngelmu kethoprak, falsafah kethoprak, lan siasat taktik kupiya pangrembakane seni kethoprak. Bondan Nusantara uga seneng srawung lan sinau nyecep ngelmu marang para sepuh sinarta gelem paring wejangan lan andharan wulang marang para mudha. Bondan uga tansah mider prasasat ora nate leren kanggo mikir lan ngurusi kethoprak, terus disuwun paring wejangan dening masarakat kethoprak ing ngendi-endi papan. "Lha pripun malih ta Mas, saget kula namung kethoprak," andhap asor ngedikane mantan wartawan iku. Kanggo panggulawenthah lan pangrembakane kabudayan, DIY butuh agen-agen perubahan budaya kang unggul lan pinunjul. **(pdm)**

“Radhio Jawa” Urun Mentes Marang Pambyawarane Kabudayaan



Akhir Lusono lan Saraswati Indarwati, penyiar Radio Vedac P4TK Yogyakarta. (foto-akl)

Radhio Vedac 99 FM
Mugen ing Budaya Jawa

MAPAN ing Kompleks PPPPTK Seni Budaya, Jl. Kaliurang Km 12,5, Klidon, Sukaharjo, Ngaglik, Sleman, D.I. Yogyakarta, *Radhio Vedac* tansah ngancani pamiarsa. Ngangkasa saka jam 06.00 WIB nganti jam 24.00 WIB, nggiyarake adicara kang maneka warna. Amung racake acara kang jumbuh karo papan kang dienggo stasiun radhio. Yakuwi gedung sing saben dinane ngleluri seni lan budaya, mligine Ngayogyakarta.

Apa meneh radhio iki uga mapan ing daerah kang pancen mirunggan alias Istimewa. Kutha kang jejeg pinangka Daerah Istimewa Yogyakarta kanthi adhedasar UU Keistimewaan No. 12 Th 2013. Radio kang *tag line* ne “*Citra Pendidikan Seni Budaya Indonesia*” iki, akeh-akehe nggiyarake adicara kang gayut karo seni budaya. Mirunggan adicara seni budaya Jawa Ngayogyakarta. Senajanta mangkono uga ana adicara musik Nusantara.

20 kilo saka pucuking gunung Merapi, Vedac kang lair sawise era reformasi lan madeg wis udakara 18 taun. Mula pindhane menungsa wis ngancik adhiwasa. Vedac wis antuk maneka warna partisara. Bebadan kang paring patisara kagungan wawasan lan pambiji, yen Vedac gedhe labuh labete mring maju lan mundure seni budaya Jawa.

Dene bebadan kang wus paring partisara mau ana telu, yakuwi partisara seka Pusat Teknologi Komunikasi Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan RI, minangka radhio kang wis suwe anggone tembayatan karo Balai Pengembangan Media Radio Pendidikan dan Kebudayaan Kemendikbud RI, yakuwi ing Radio Mitra Tradisi. Radhio Vedac uga nate pikantuk partisara saka Museum Rekor Dunia Indonesia (MURI), uga nate diwenehi partisara minangka radhio kang isih nggiyarake wayang kulit saben dina Minggu. Partisara ditampa saka Paguyuban Dalang Muda Sukra Kasih tembayatan karo Dinas Kebudayaan DIY.

Acara sing mambu seni budaya Jawa yakuwi: Puspo Rinonce, Kaweruh Pedhalangan, Kaweruh Pakeliran, Geguritan, Macapat, Dhagelan Basiyo, Kethoprak, Wayang Kulit, Langen Sari, Uyon-uyon Manasuka, Campursari, Sinau Unggah-unguh. Semana uga jenenge penyiare uga migunakake jeneng singlon. Kabeh nganggo jeneng wayang. Ana Sinta, Bimo, Anggraeni, Anjani, lan sakpanunggalane.

Saliyane kuwi adad saben penyiare uga migunakake basa Jawa anggone siaran. Senajanta durung bisa seragam, kabeh nggunakake basa Jawa. Ananging ruh utawa nyawane Radhio Vedac wis kapanjingan rasa Jawa. Budaya Jawa wis rumasuk ing Vedac. Mula iklan ing Vedac uga akeh kang migunaake basa Jawa. Para paraga kang tansah nguri-uri lan ngipuk-ipuk saben dinane ing radhio vedac yakuwi Heru Priambodo, Rani lan Vika. Senajan kekarone among dadi tenaga kang mbiyantu wae.

Vedac, radhio kang peduli tumrap mekar lan ngrembakane seni budaya ing bumi Mataram. Semboyane ora bathi sathak, ananging bisa bathi sanak. Radio Vedac isa tansah ngangkasa lan tansaya ngandelke tresnane mring seni budaya Jawa murih kawentar ing saindening Nuswantara. Para-para kang piniji minangka panggula wenthah radio Vedac tansah gawe kupiya, mrih tansaya ngrembaka adicara seni budaya Jawa ing radhio sing mapan ing sakidule Gunung Merapi. Vidac saya mantep anggone duwe rasa handarbeni, hangayomi, hangrungkepi lan hanresnani seni budaya Jawa.. **(Akhir Lusono)**

K.M.T. PROJOSUWOSONO

Maestro Macapat

SAIKI ing sauntara papan akeh tinemu rompok macapat, embuh iku sing ana kutha utawa sing ana padesan. Mesthi iki nuwuhake rasa bombong mungguhing masarakat, mligine ing kalangane wong Jawa. Saka sekar-sekar sing padha ditembangake ing macapatan bisa disemak lan disurasa maknane sing migunani tumrape urip.

Pambudidaya nglestarekake kabudayan luhur Jawa maneka warna dalane. Sanajan abot kepara kudu gelem kelangan tetep padha dilakoni. Miturut K.M.T. Projosuwosono, dheweke sakanca ora golek kamilikan kadonyan sajroning mulang aneng Pamulangan Sekar Macapat Kawedanan Hageng Punakawan (KHP) Kridha Mardawa Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Pancen apa sing dingendikane dening Rama Projo, mangkono yen ngaturi cara akrabe laras karo kahanane.

Pamulangan Sekar Macapat Kawedanan Hageng Punakawan Kridha Mardawa mapan ana ing Balai Sokawati Trah HB I Rotowijayan, Kompleks Kraton Ngayogyakarta. Mula ora jumbuh menawa dipadhakake karo papan pamulangan liyane, upamane sekolah.

Panggonane cilik, gedhonge kuna, temboke sing warnane putih katon suwe ora kambon cet anyar, lan kursi-kursine saka kayu wus kepangan umur sarta beda-beda ukurane. Prabotan kanggo mulang awujud kertas amba (notasi macapat) katon wus wiwit klawus. Sanajan mangkono, tumrape sing durung tau priksa malah nuwuhake pangangen-angen mulyane macapat.

Apa sing diprihatikanaken mau yena nganti kedlarung-dlarung mesthi bakal marakake "surem-surem dewangkara kingkin" macapatan gaya Mataraman utawa cakrik Kridha Mardawa ing pamulangan macapat mau. Anane bahan pamulangan saka sekar alit, tengahan, ageng ing Pamulangan Sekar Macapat Kridha Mardawa bisa dadi talanging lestarine kasusastran Jawa lan gangsa. Kekarone ora bisa uwal saka seni suara lan iku sing marakake kasusastran Jawa terus sempulur tekan saiki, "Rumiyin ing mriki siswanipun mboten namung saking sakiwa-tengen Ngayogyakarta, nanging ugi wonten ingkang saking Kanada, Inggris, Amerika, Jepang, lsp," andharane Rama Projo ngelingake wektu kepungkur sing tau dialami gegayutan karo pengabdiane kasebut.

Rama Projo dalasan kanca pamong liyane asma Rama Dwija Ciptamardawa lan Rama Jayahadiatmaja ora panggah "kapok" anggone kepengin nglestarakake kagunan macapat ing satengahing bebrayan Jawa. Sanajan saiki ora akeh wong Jawa sing padha bisa nembang macapat, nanging niat luhur supaya sekar-sekar Jawa amrih ngrembaka lan lestari kaya sing diadani ing Pamulangan Sekar Macapat kasebut dadi sawijining prakara sing unik lan wigati.

Pamulangan macapat mung ana siji sing modhele kaya ngono mau ing Yogyakarta. Mula disebut unik, "Sanajan siswanipun namung sakedhik, pamulangan tetep lumampah. Malah sampun nate guru cacah tiga mucal siswa setunggal. Inggih amargi ing wekdak semanten mboten wonten ingkang sami nerusaken ngantos buntas saking sauntawis kathah siswa ingkang ndhaftaraken," ujare Rama Projo sing pidalem ing Krapyak Kulon, Panggungharjo, Sewon Bantul, Ngayogyakarta iku.

Kayadene segara sing ana pasang-surute, tumrape Pamulangan Sekar Macapat Kridha Mardawa uga ngalami kahanan kaya ngono. Kala-kala akeh, nanging kala-kala sithik siswane.

Pamulangan ing kene nganggo sistem unggah-unggahan kaya ing sekolah umume, wewatone kaprigelan lan kabisane necep ilmu nembang dalasan prakteke nembang, "Ingkang dipunwucalaken ing mriki mboten namung sekar alit utawi macapat kemawon, nanging ugi sekar tengahan, tuwin sekar ageng," ngendikane Rama Projo sing uga Abdi Dalem Prajurit lan Abdi Dalem Kaprajan ing Kraton Ngayogyakarta iku.

Supaya bisa munggah, ing akhir taun pamulangan diadani ujian, yen mengko ora munggah saka sing ngisor dhewe (klas sekar alit), durung dikeparengake melu pelajaran ing kelas candhake/sandhuwure. Mangkono sateruse. Sistem kaya mangkene iki, manut Rama Projo, pancen ana plus-minuse.

Positipe, siswa dadi bisa ngwasani temenan marang tembang, nanging saka negatipe siswa bisa



Rama Projosuwasono, ing papan pamulangan macapat. **(Foto-dpp)**

andheh utawa bosen. Pungkasane, banjur padha mrotholi ing tengah dalan, “Arang sanget ingkang sami saged buntas ngantos ngwaosi sekar ageng, dumugi sekar tengahan kemawon sampun sami telas. Sanajan makaten, inggih wonten ingkang lulus nguwaosi tigang jinis sekar Jawi kasebat.”

Sinau tembang macapat ing Pamulangan Sekar Macapat Kridha Mardawa sing dipangarsani dening K.R.T. Manggalawijaya (ora mucal) iku diadani saben dina. Jadwale: sekar macapat dina Senen lan Kemis, sekar tengahan dina Selasa lan Jumat, lan sekar ageng dina Rebo lan Setu, saka jam 15.30 nganti 17.30, “Dados mboten nate lowong. Saben pamong gantosan mucalipun laras kaliyan jadwal ingkang sampun disepakati. Ing mriki mboten wonten modhel arta SPP kados ing sekolahan. Sakaliripun para siswa kemawon, inggih namung kangge kabetahaning pamulangan piyambak,” mangkono katerangane Abdi Dalem Macapat Kraton Ngayogyakarta iku.

Tumrape Rama Projo dalah para pamong liyane, mulangake kabisan tembang macapat ing papane kagungan dalem (kraton) iku amarga kepengin gawe darma bekti marang kabudayan Jawa supaya tetep lestari, “Nanging, ingkang dados kaprihatosan kula sakanca estunipun malah prekawis regenerasi para pamongipun. Engga sapriki namung wonten tiga, ingkang anem piyambak kula 60 taun, dene sanesipun sampun sanginggilipun 70 taun. Dereng wonten ingkang madik-madik ingkang badhe nerasaken kula sakanca.” **(dpp)**



Macapat Massal kang diadani Dinas Kebudayaan DIY uga ngrangkul bocah-bocah siswa SD lan remaja SMP kang wis baut nembang bareng kalawan paraga Macapat kan wus yuswa. Regenerasi Macapat. ***(foto-fid)***

KI JUWARAYA

Wis Kulina dadi "Ujung Tombok"

PRIYA prasaja klairan 5 Juni 1954, akrab diundang Mbah Juwar, luwih saka separo umure diabdekake kanggo ngopeni seni tradhisi. Ing daleme sing jembar lan prasaja khas omah ndesa, cumawis piranti-piranti kanggo gladhen kesenian tradhisi, yaiku gamelan saubarampene. Amarga sing gladhen ing daleme Ki Juwaraya, iku werna-werna. Ana dhalang (mligine dhalang bocah), ana karawitan lan Langen Mandra Wanara.

Wartawati SEMPULUR sowan ing daleme Ki Juwaraya, pangarsa Paguyuban Langen Mudha Budaya, sing mapan ing Dhusun Sembungan, Rt 3, Bangunjiwo, Kasihan, Bantul. Wanwicara SEMPULUR karo Ki Juwaraya, kang wus antuk Patisara Seni saka Gubernur DIY awit anggone mugen tansah leladi lan marsudi budaya tradhisi.

Menapa ingkang njalari Bapak ketarik dhumateng seni budaya mliginipun seni tradhisi?

Wiwit alit kula manggen wonten ing lingkungan seni. Tiyang sepuh kula kalebet penggiyat seni ugi. Taun 1967, rikala semanten umur kula saweg 12 taun, kelas 6 SD, kula minggah panggung ingkang sepindhah, tumut langen Mandra Wanara, inggih menika drama tari Jawa ingkang awujud opera. Wiwit menika kula kesengsem kaliyan langen Mandra Wanara ngantos sepriki.

Pinten paraga ingkang dipunbetahaken kangge nyengkuyung satunggiling pementasan Langen Mandra Wanara?

Sedaya wonten 45 paraga, sampun kalebet pangrawitipun. Dene ingkang main wiwit putu ngantos dumugi simbah. Ingkang putu, utawi taksih lare menika ingkang dados kethek-kethek alit, dene ingkang dados paragatama menika ingkang sampun apal gendhing-gendhing lan tembang. Limrahipun seni tradhisi menika ragi rekaos ing babagan regenerasi. Kadospundi menawi langen Mandra Wanara ing ngriki? Kados ingkang kula aturaken ing nginggil. Wiwit putu ngantos simbah terlibat. Dados mboten wonten masalah kaliyan regenerasi. Kejawi langen Mandra Wanara kula mireng Bapak ugi ngopeni seni tradhisi sanesipun. Kenging menapa Bapak perduli, kamangka seni tradhisi menika nuwun sewu, mboten saged nguripi.

Rumiyin nalika taksih dados pegawai negri wonten Dinas Kebudayaan Bantul, kula asring dipasrahi tugas ngurusi pementasan menawi wonten lomba-lomba, sae menika tingkat kabupaten menapa dene provinsi. Otomatis kula akrab kaliyan ingkang naminipun seni tradhisi, maksud kula seni tradhisi ing saknjawinipun Langen Mandra Wanara. Amarga kula akrab, remen, mila kula perduli. Kangge tumbas peralatan, kala semanten kula cucul wragat piyambak. Kula damel banon, asilipun saged kula damel tumbas gamelan. Lajeng sasampunipun kula pensiun, kula pun timbali Bupati Bantul kapurih dados Pembina seni tradhisi.

Menapa mawon seni tradhisi ingkang wonten dalem mriki kejawi langen Mandra Wanara?

Karawitan lan dhalang bocah. Karawitan seminggu sepindhah taksih ajeg latihan, inggih menika pendhak malem Kemis. Ingkang nabuh saking bapak-bapak lan ibu-ibu. Menawi dhalang bocah pendhak dinten Setu.

Kok namung dhalang lare ingkang dipungegulang?

Menawi dhalang remaja sampun wonten pamulanganipun piyambak. Wonten SMKI menapa dene ISI. Dene ingkang sepuh wonten Habirandha, pamulangan dhalang wonten ing kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Ingkang dhalang lare menika ingkang dereng wonten pamulanganipun. Mila kula mbikak latihan dhalang kangge lare.



KI JIWARAYA (

Menawi sinau wonten mriki wragatipun kadospundi, Pak? Maksud kula, menapa kedah mbayar sakmanten…

Oh, menika suka rela. Malah kadhang-kadhang kula piyambak ingkang dados sponsor *(eufimesme saka tembung tombok-red*), ning kadhang-kadhang inggih kula suwunaken saking rencang ingkang gadhah rejeki kacek. Papan menika binuka kangge latihan masarakat. Ing mriki sampun wonten alat komplit, upami badhe latihan njoged utawi kethorakan, mboten sisah ngusung-ngusung gamelan menapa dene piranti sanesipun. Upami betah geber, menika inggih sampun wonten. Kangge gerakan menari papanipun ugi cukup wiyar. Tur malih kanggene tiyang ndhusun, kempal kangge latihan seni tradhisi menika ugi mujudaken silaturahmi. Saged kempal sareng-sareng, sinau kados ngaten menika saged mahanani remene manah. Saged damel bahagia, istilahipun.

Rintisan ingkang sampun panjenengan tindakaken menika sampun dumugi pundi asilipun ingkang ketingal? Menika minangka apresiasi kangge kita sedaya, murih saged gumregah mbudidaya tutwuri dhumateng menapa ingkang sampun Bapak tindakaken.

Pentas-pentas ingkang kawula tindakaken sarencang tansah pikantuk apresiasi saking masarakat menapa dene pemerintah. Langen Mandra Wanara sampun nate tampil utawi dipunundang wonten pundi-pundi, sae menika tingkat lokal menepa dene nasional. Malah wonten ing penjaringan desa wisata wonten ing Kabupaten Bantul, Langen Mandra Wanara dipun tunjuk minangka aset seni tradhisional.

Seni budaya tansah ngalami transformasi, ingkang mujudaken napas jaman. Kadospundi Bapak anggenipun nyikapi? Minangka conto, wayang kulit ingkang rumiyin mujudaken tuntunan lan tontonan, samenika langkung kathah tontonanipun tinimbang tuntunan.

Menawi kula tetep nuhoni aturan ingkang wonten ing DIY. *Sawiji greget sengguh ora mingkuh*. Ingkang dipuncetusaken dening Sultan Hamengku Buwana 1 utawi Pangeran Mangkubumi. Rumiyin menawi pentas kesenian Langen Mandra Wanara menika saged 7 jam. Nanging ewah-ewahan jaman, samenika inggih gumantung dhateng kabetahan. Tiyang mirsani kesenian menika tujuanipun werni-werni. Wonten ingkang kangge mat-matan, kangge apresiasi utawi sadermi pengin mangertos. Mila durasi pentas ugi dipunslarasaken. Kula nate pentas langen Mandra Wanara 2 jam, lajeng 90 menit, 45 menit, suda-suda terus ngantos 8 menit uga nate. Ingkang 8 menit menika pentas wonten TVRI. Wolung menit menika ugi sampun saged makili sedayanipun. Inti crita tetep wonten, beksan asli ketingal, tembang, gendhing-gendhing Mataraman ugi tetep wonten.

Sadunganipun menika menawi pentas-pentas kadospundi? Mliginipun bab pendhanaan. Menapa wonten dana khusus saking pemerintah?"

Menawi dhana khusus dereng wonten. Namung bantuan busana ingkang sampun wonten. Manawi kangge keperluan pentas, biasane kula kerja sama kaliyan panitia ingkang ngawontenaken even-even tinamtu. Upaminipun panita FKY lan sanes-sanesipun. Nanging sing cetha saben taun Langen Mandra Wanara dipunjatah pentas wonten ing desa menawi ngepasi merti desa utawi mengeti hari jadi desa.

Minangka pelaku, ugi penggiat budaya seni tradhisi, menapa harapan ingkang paling panjenengan pengini?

Langen Mandra Wanara lan kesenian tradhisi sanesipun tetep saged gesang lestari. Kula suwun pemerintah utawi dhinas kerkait mboten namung nyuwun supados nguri-uri, nanging ugi sageda paring pambiyantu. Mligi kangge Langen Mandra Wanara, sakmboten-mbotenipun wonten dana rutin kangge pembinaan lan saged dipun biyantu ing bab pementasan. Maksud kula saged pentas rutin. Kados dhalang mudha ingkang pun bantu pementasan kaping sedasa salebetipun setaun. Ingkang sampun dumadi sadangunipun menika bantuan saking pemerintah kangge kesenian Langen Mandra Wanara sifatipun namung temporer, mboten rutin kados dhalang mudha.

Ardini Pangastuti

foto-fid)



Paguyuban Pengarang Sastra Jawa "Paramarta"



Saperangan para anggota Paguyuban Sastra Jawa Bantul ***(foto doc. Paramarta.din)***

PAGUYUBAN Pengarang Sastra Jawa Bantul, kondhang kasebut Paguyuban "Paramarta", wadhah kanggo para penulis sastra Jawa sing mapan ana laladan Kabupaten Bantul. Paguyuban iki dikepyakake ing Bantul (Aita Cofee), dina Selasa tanggal 24 Oktober 2017. Senajan olehe madeg durung suwe, paribasan isih saumuran jagung, nanging prestasine bisa diandelake. Meh saben minggu mesthi ana karya-karya saka para anggota "Paramarta" sing dipacak ing medhia basa Jawa, arupa cerkak, esei, geguritan apa dene macapat.

Bambang Nugroho, pangarsa Paguyuban Paramarta, ngandharake, idhe ngedegake paguyuban mau awale kadereng saka pepenginan kanggo nggathukake para penulis sastra Jawa Bantul, jalaran ing Kabupaten Bantul akeh para penulis Jawa sing karya-karyane tau ngrenggani utawa ngiseni lembaran medhia basa Jawa, nanging antarane penulis siji lan sijine akeh sing padha durung tepung utawa durung tau ketemu. Bambang banjur rembugan karo para penulis senior ing Bantul lan mbudidaya ngumpulake jeneng-jeneng penulis Bantul liwat maneka jalur. Sawise kontak lan alamat para penulis kecekel, banjur dirancang kanggo patemon.

"Maune rencana patemon mau ya mung patemon biasa. Kumpul-kumpul bareng kaya dene silaturahmi ing antarane para penulis. Nanging amarga oleh panyengkuyung saka Dinas Kebudayaan Kabupaten Bantul, banjur digawe sarasehan tembayatan karo guru MGMP mata pelajaran basa Jawa tingkat SMP, MTs, SMA, SMK. Ing kalodhangan mau banjur dibentuk formatur lan mesisan dikepyakake laire Paguyuban Penulis Sastra Jawa Bantul," pratelane Bambang Nugroho.

Kanthi anane paguyuban mau kaangkah bisa dadi wadhah silaturahmi, komunikasi, edhukasi, diskusi lan uga minangka sumber inspirasi sarta motivasi tumrap para anggota Paramarta kanggo bisa terus makarya liwat maneka werna medhia sing ana jroning upaya nguri-uri lan nglestarekake budaya lan sastra Jawa. Dene jeneng Paramarta, dijupuk saka basa Jawa kawi, sing tegese bebener kang sampurna. Ing pangajab, para pengarang basa Jawa (mligine anggota Paramarta) bisa migunakake basa Jawa kanthi bener salaras karo kaidah sing ana.

Bambang njlentrehake, kanggo dadi anggota Paguyuban Paramarta ora ditarik prabeya, nanging tetep ana syarat sing kudu dicukupi. Yaiku: kudu wis duwe karya arupa buku utawa tulisane mau kapacak ing medhia cetak, dudu karya ing medsos. Alasane, yen kapacak ing medhia cetak ateges karya mau wis ngliwati seleksi. Senajan iku mung medhia internal, nanging tetep ana seleksi. Dene yen medsos, karya dadi langsung diunggah tanpa ana seleksi babar pisan.

Paguyuban pengarang sastra Jawa Paramarta nduweni visi *Sastra Jawa Mumbul Ngawiyat*. Lire, sastra Jawa tetep bisa diajeni lan bisa mekar sairing lumakune jaman. Dene misi saka paguyuban kasebut yaiku:

1. Paguyuban pengarang sastra Jawa Paramarta bisa luwih kreatip lan prodhuktip jroning makarya.
2. Bisa nduweni peran aktip jroning nguri-nguri lan nglestarekake basa lan sastra Jawa.
3. Paguyuban pengarang sastra Jawa Paramarta liwat asil karyane bisa aweh warna jroning upaya maujudake manungsa sing ndhuweni budi pekerti luhur.
4. Nyengkuyung program-program Keistimewaan DIY saka segi sastra lan basa Jawa.

Kanggo mujudake visi lan misi kasebut, ana pembelajaran aktip lan interaktif liwat group. Carane, anggota Paguyuban ngunggah karya-karyane ing group WA, karya kasebut bakal disemak bareng-bareng lan diapresiasi. Kanthi cara mangkono para anggota paguyuban otomatis bakal mbudidaya gawe karya kanthi luwih apik lan luwih apik maneh (ngasah kelantipane). Kejaba liwat tulisan, ana medhia ekspresi kanggo mentasake karya-karya kasebut. Liwat panggung Selasa Sastra, sing dimotori dening Tedy Kusairy, salah siji anggota Paguyuban Paramarta, pendhak sasi ana pentas sastra lan pemutaran film saka Dinas Kebudayaan DIY. Pentas sastra kasebut ora manggrok ing sawijining papan, nanging saben sasi ganti-ganti panggone. Kadhang-kadhang digelar ing cafee, nanging kadhang-kadhang uga digelar ing satengahe lapangan desa utawa kecamatan tinamtu. Ing kalodhangan kasebut para sastrawan, mligine anggota Paguyuban Paramarta bisa maca karya-karyane sing arupa geguritan, tembang apa dene cerkak. Ora mung kuwi, durung suwe iki Paguyuban Paramarta uga nganakake tembayatan karo Pondok Watulumbung, *Pondok Edukasi ruang waktu untuk mengekspresikan karya* (karya sing dipentasake ing kono karya sastra Indonesia lan karya sastra Jawa). Liwat pementasan karya-karya kasebut diajab karya mau sumebar lan bisa aweh inspirasi marang masarakat laras karo visi lan misi Paguyuban Paramarta.

Saliyane pementasan karya, Paguyuban Paramarta uga wiwit ngupayakake anane penerbitan buku karya para anggotane. “Kanggo tahap awal, antologi geguritan dhisik. Sing kabeh anggota bisa nulis, kanthi njupuk tema “ Angin Sumilir Saka Pesisir Kidul”, kuwi mung simbolisme, sing nggambarake kebangkitan sastrawan Bantul. Sebab Kabupaten Bantul mapane rak ing sakidule ibu kota DIY, cedhak pesisir Kidul. Buku kasebut saiki jroning proses cithak lan samengko rencana *dilaunching* ing sastra bulan purnama Rumah Budaya Tembi,” ujare Bambang Nugroho. **(din).**

Tepa Selira ing Susastra

TOLERANSI utawa tepa selira, ing madyaning masarakat wektu iki wis sansaya luntur. Ing bab iki, Sastrawan satemene nduweni peran penting lan strategis kanggo nularake lan nyebarake sikap toleransi liwat karya-karyane.

Adhedhasar pamikiran kasebut, Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) sing dipangarsani dening Adhi Satyoko, perlu ngangkat babagan toleransi jroning sarasehan sastra Jawa sing digelar ing Balai Bahasa Yogyakarta, Minggu tanggal 29 Juli kepungkur, kanthi ngundang narasumber sastrawan Iman Budhi Santosa lan budayawan Henry Thomas Simarmata.

Ing kesempatan mau Iman Budhi Santosa aweh “sangu” marang para sastrawan lan calon sastrawan kang ngrestreni sarasehan, kanthi mbabar kreatip sajroning nglairake karya sastra. Diwiwiti saka njajal, dadi banjur panyempurnaan.

Miturut Iman Budhi Santosa, ttumrape para sastrawan ngonceki angen-angen lan basa merlokake penggalihan kang jero. Kejaba setiti lan permati prayogane migunakake kawicaksanan lan kreasi. Dene kaya apa lan kepriye lumakune saengga nduweni kawicaksanan lan kreasi mau, bisa kawiwitan saka nuladha patrap toleransi sing cakupane jembar lan adoh, kira-kira kaya kang tinemu ing wosing pitutur ing unen-unen “Sing jembar segarane”.

Jroning makalahe sing diwenehi judhul “*Mlaku-Mlaku” Bareng Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta golek makna toleransi*, Henry Thomas Simarmata sing ora bisa teka amarga ndadak ana urusan menyang luar negri, ngandharake bab senggolan antarane karya sastra Indonesia kalebu sastra Jawa mligine karya-karya anggota SSJY karo karya sastra donya. Kejaba ngrembug proses kreatip lan karya sastra, ing sasarehan mau uga diselingi maca geguritan lan cerkak sing ana gayutane toleransi. **(din).**

Para Pujangga Paring Pancadan Supados Masarakat Mulur Pikiranipun

KI JURU BANGUNJIWO



Ki Juru Bangunjiwo (foto-swa)

PARA jamhur lan pujangga kabudayan Jawa duk ing uni anggadhahi kekiyatan ingkang ngedhap edhapi kagem kemajenganipun kabudayan. Ingkang kula maksud ing mriki injih punika peran -ipun para Empu. Mangga kita semak sesarengan. Kula panjenengan nate mireng carios bab Ken Arok lan Empu Gandring ing kapacak wonten ing serat *Pararaton*. *Kanyata* carios punika mboten namung carios wantah ingkang gegayutan kaliyan bab duwung utawi keris.

Pangertosan punika saged kangge pancadan bilih para Empu ing jaman kina punika mboten namung wasis ing babagan damel senjata kadosta duwung, tombak lan sapiturutipun. Ananging ugi nggadhahi kewanteran ing babagan ilmu kanuragan lan ilmu kebatosan.

Miturut *Serat Andupara* ingkang dipunripta dening Mas Nagebehi Suradipa njlentrehaken bab punika. LegendHa utawi carios lami anggenipun maos kedah ngatos-atos, karana kathah sanepa ingkang siningid sinamudana wonten ing ukara uraka ingkang dipundamel dening para pujangga kagem nyimpen pangertosan ingkang lebet. Pramila menawi maos bab bab ingkang gegayutan kaliyan carios makaten kedah sangu, sikep tliti tlaten taberi ngudi sregep neges. Maknanipun kula panjenengan dipunajab mboten kesesa damel dudutan. Karana wonten ingkang sinerat, sinirat lan siningit ing tembung lan ukara ingkang dipun bamel dening para pangripta ing jaman kawuri.

Bab punika panci dipunseja dening para pujangga Jawi mliginipun para Empu supados ingkang maos punika sageda mulur pikir lan nalaripun lan kuwawi mangertosi wosing carios. Karana para jamhur lan Empu punika minangka guru ing madyaning masarakat lan salah setunggaling tugas Empu lan jamhur ing jaman kawuri adamel brayat agung sageda samsaya pinter lan prigel ing babagan olah rasa lan olah jiwa. Jalaran basa Jawi punika papanipun olah rasa lan olah jiwa. Para jamhur boten kok ngegla paring seserapan dhateng sok sintena ingkang dados muridipun ananging amung paring pancadan supados para para ingkang badhe sinau kabudayan punika sageda samsaya prigel olah rasa lan basa sarta jiwa.

Mangga kita beblesi bab carios kerisipun Ken Arok ingkang dipunpesen dhateng Empu Gandring. Kenging punapa sakderengipun keris rampung kok sampun pun suwun lan tudhonipun dados keris ingkang bilaheni dhateng sok sintena ingkang ngasta.

Pararaton punika kaserat ing jaman Maospahit, dene ingkang pun cariosaken punika jaman Singasari purwakaning kraton Singasari ingkang dumados kalih tahun

sakderengipun Maospahit. Punika kemawon sampun dados pitakenan, kagem punapa carios lami kok dipun angkat ing jaman Maospahit. Temtu wonten pangertosan ingkang siningid. Pangertosan bab punapa ingkang dipun cariosaken mawi sanepan duwung.

Duwung punika dipun yasa kanthi adamel saton rumiyin tegesipun bahan bahan ingkang wonten kadosta wesi pamor lan waja dipun gebag dados setunggal supados sageda nyawiji wonten ing saton. Bab punika satunggaling sanepa kagem ingkang pesen injih punika Ken Arok. Ing zaman kawuri tiyang ingkang pesen duwung punika kepetang tiyang ingkang kagungan panjangga tebih kadosta dados patih utawi dados raja. Ken Arok satunggaling begal utawi kecu ingkang kepengin dados raja. Dening Empu Gandring dipunjanjeni setahun, punika ateges anggenipun damel saton punika setahun. Maknanipun punapa. Masyarakat Singasari ingkang nembe kemawon mijil punika dumados saking maneka warni bangsa agama, suku kelompok lan sanes sanesipun. Lha tegesipun maneka warni tiyang ing bebrayan punika kedah dipunsawijekaken dados setunggal supados nyengkuyung wontenipun raja enggal ingkang ing mriki injih Ken Arok.

Boten gampil maneka warni bangsa lan agama ingkang benten benten punika dipun manunggalaken tenu betah wekdal. Ananging Ken Arok ketingalipun boten sranta Setahun kanggenipun Ken Arok kedangon pramila nyuwun supados anggenipun yasa duwung dipuncepetaken. Punika ngandhut sasmita supados anggenipun manunggilaken bebrayan agung ing wekdal semanten dipungelak, dipuncepetaken. Ananging proses manunggilaken maneka warni suku bangsa agama punika boten gampil pramila Empu Gandring boten saged nyepetaken. Ing mriki kula panjenengan mangertosi bilih posisi Empu ing wekdal semanten ugi dados sesepuh ingkang dipun suyuti dening bebrayan agung. Punapa ingkang dipun ngendikakaken dipun gega.

Gandheng Ken Arok boten sranta lajeng adamel cara supados proses manunggaling bebrayan agung ing Singasari saged kaleksanan kanthi cepet. Pramila dening pujangga dipun sebataken bilih Ken Arok lajeng nyuwun duwung punika sageda enggal rampung. Ananging Emu Gandring ngekahi lajeng Empu Gandring dipun sedani kanthi dipun suduk mawi pusaka punika. Kamangka ing sejarah duwung keris punika boten kok kagem mejahi tiyang ananging nuwuhaken pengajeng ajenging gesang. Pramila carios punika ngandhut satunggaling pitutur gesang ingkang magepokan kaliyan rebatan panguwaos.

Dene pepindhan ingkang dipunagem injih punika proses yasa duwung ingkang dados sanepa manunggilaken brayat ageng ing Singasari ingkang kedadosan saking tiyang Madura, Jawa, Makasar, agami budha, Hindu Kejawen lan sanes sanesipun. Ratu utawi Raja punika anggenipun madeg dados ratu mawi cara ingkang kasar ateges mawi taker ludira bakal ngundhuh woh badhe dipunlerehaken kanthi luntaking ludira.

Dados ing carios Ken Arok lan Empu Ganring punika keris namung sarana kagem njlentrehaken bab ingkang gegayutan kaliyan suksesi kraton ing jaman semanten. Karana bab bab ingkang gegayutan kaliyan duwung ing jaman semanten sampun dipun mangertosi dening sadengah tiyang Jawi ingkang mapan ing Majapahit. Wiwit lampah saton ngantos purna.

Yekti punika caranipun para pujangga duking nguni anggenipun mucal masarakat boten kok ngegla ananging mawi sanepan ingkang kedah dipunbeblesi lan dipun raosaken kanthi manah ingkang meneb.Karana Jawa punika papanipun raos lan simbol.

***

Ki Juru Bangunjiwa, pamarsudi budaya Jawa.



Pameran Nandur Srawung ing TBY (foto-fid)

Gambar



Maskot Garudha Kaarak Ing Pawai Kulon Progo



Pepethan Garudha Pancasila kang kagawe Dinas Kebudayaan Kabupaten Kulonprogo, dadi mascot kirabing seni budaya. (foto-smn)

MASKOT Garudha Pancasila raksasa diampingi 250 gendera merah putih saka Dinas Kebudayaan Kulon Progo katon gagah diarak ngliwati dalan rute karnaval ngregengake Kirab Budaya Kamardikan 2018 Kabupaten Kulon Progo. 49 grup pasarta Kirab Budaya kanthi ngusung maneka warna maskot budaya unggulan, entuk kawigaten masarakat Kulon Progo kang tumplek bleg ngebaki sadawane dalan rute karnaval.

Kirab Budaya Kamardikan dibuka dening Bupati Kulon Progo H. Hasto Wardoyo kang lungguh ing panggung kehormatan bareng Wakil Bupati Drs. H. Sutedjo lan Forkompida Kabupaten Kulon Progo. Bupati ngendika ing pengetan Kamardikan Indonesia kang kaping 73, bangsa Indonesia kudu "berdaulat" sacara politik saha "berdikari" ing babagan ekonomi.

Dene Kepala Dinas Kebudayaan Kulon Progo Drs. Untung Waluya ngandharake Kirab Budaya Kamardikan 2018 kanthi tema "Kerja Kita Prestasi Bangsa" diajab bisa ngrembakakake potensi masarakat tumuju pembangunan Kulon Progo kang dilandhesi semangat kabudayan.

Dene rute Kirab Budaya Kamardikan 2018 kawiwitan saka Lapangan Pengasih. Saka kono pasarta banjur tumuju Protelon Kecamatan Pengasih ngidul ngliwati Dayakan Pengasih. Saka Protelon Serut nengen tumuju Alun-Alun Wates, banjur Kantor Dinas Kesehatan ngetan ngliwati sangarep Pasar Wates. Saka Pasar Wates lurus ngulon, tekan Protelon Kantor Pos banjur menggok nengen tumuju pungkasan Gedhung Kesenian Wates.

Sawise pasarta Kirab Budaya kamardikan dibiji dening dhewan pambiji, katetepake minangka juara 1 Paguyuban Seni Budaya Desa Nomporejo Galur, juara 2 grup Gerabah Gumregah Senit Bumirejo Lendah, juara 3 grup SMK Muhammadiyah I Wates Gadingan Wates, juara harapan 1 grup MAN 2 Kulon Progo Jl Khudori Wonosidi Wates, juara harapan 2 grup SDN Conegaran Jl Purworejo Km 2 Wates saha juara harapan 3 grup Brayat Klampok, Pedhukuhan IV Klampok Brosot Galur. **(smn)**

Sosialisasi Tata Nilai
Lowongan Agen Tata Nilai





Para pasarta Sosialisasi Tata Nilai dening Dinas Kewbudayaan DIY ing Hotel Rose Inn ***(Foto-abs)***

SEKSI Tata Nilai Sosial Budaya, Bidang Pelestarian Warisan dan Nilai Budaya, Dinas Kebudayaan DIY nganakake sosialisasi tata nilai. Adicara sing sepisanan yaiku martakakake asiling kajian tata nilai. Asiling kajian iki sepisanan dhewe diwartakake utawa disosialisasikan ing Kabupaten Bantul kanthi mapan ing Hotel Rose Inn, Jl. Ring Road Selatan, Sewon, Bantul. Adicara kuwi mau ditindakake rikala dina Rebo, tanggal 9 September 2018 kanthi narasumber Ir. Suyata, Ir. H. Yuwono Sri Suwito MM, lan Drs. H. Priyo Mustiko sarta moderator Drs I Gde Atmaja.

Dene para panyarta sing diaturi rawuh yakuwi kabeh camat ing Bantul, kepala-kepala desa budaya ing Bantul, Ketua-ketua Pengelola Desa Budaya ing Bantul, Ketua Dewan Kebudayaan Bantul, Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Bantul, Kepala Dinas Kebudayaan DIY, sarta tokoh-tokoh seni budaya ing Kabupaten Bantul.

Ana ing kalodhangan kuwi Wakil Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Singgih Raharjo maringi tanggap sabda. Tanggap sabda kuwi ing antarane ngendikakake menawa tata nilai kuwi mau mujudake objek sing strategis banget. Lire, tata nilai kuwi bisa duwe daya aruh sing gedhe banget tumrap kahanan sosial kemasyarakatan. Mbuh kuwi ing wilayah dhusun, desa, kelurahan, kelompok, lan sapanunggalane. Mula saka iku apa sing sinebut nilai-nilai luhur perlu didhudhah maneh, dipilah lan dipilih endi sing piguna lan endi sing ora kanggo pembangunan karaktere warga masarakat DIY ing jaman saiki lan sabanjure.

Pembangunan nilai-nilai kuwi luwih angel lan abot tinimbang pembangunan fisik. Bab tata nilai sing kudu dipraktekake lan dadi pandoming laku sarta watak kerep nduweni filosofi sing dhuwur lan abot. Kudu digoleki cara sing pas tumrap implementasi tata nilai kuwi mau mligine sing trep lan bisa rumasuk tumrap jaman milenial iki.

Kanggo ngleksanakake sosialisasi lan implementasi tata nilai kuwi uga Dinad Kebudayaan DIY mbukak lowongan kanggo tenaga utawa Agen Tata Nilai DIY. Agen-agen sing lolos seleksi bakal ditugasake ing kukuban Ngayogyakarta. Sarate dadi Agen Tata Nilai ing antarane yuswane paling sethithik 25 taun, KTP DIY, fotokopi ijazah (saora-orane S1), nduweni jiwa kepemimpinan, percaya diri, bisa makarya tembayatan kanthi becik, lan duwe prakarsa, bisa komunikasi kanthi becik (lisan lan tulisan), bisa ngiling (transfer) pemikiran marang liyan kanthi presentasi sing becik, nduweni strategi pembelajaran kanggo ngaktifake panyarta (pembelajar) kanthi mental utawa fisik, bisa memotivasi panyarta, ngirimake formulis menyang Dinas Kebudayaan DIY (Seksi Tata Nilai) paling telat tanggal 28 September 2018 lantaran e-mail utawa tindak langsung ing Kantor Dinas Kebudayaan DIY, Jl. Cendana 11 Yogyakarta. **(abs)**

Gedhah Sinangling, Ngaca marang Kaca



GAWE gambar ing kaca bening nganggo cet wis dadi tradhisi lawas tumrap wong Jawa. Tegese, gawe gambar wayang, carita rakyat, lan carita keagamaan, ing kaca dudu kabisan anyar. Para luhur paring warisan kabisan gawe gambar ing kaca.

Rada unik, sebab nggambar ing kaca bening, (1) anggone gawe pepethan kudu duwe petung tengen kiwane gambar, sebab mengkone bakal katonton saka sisih sewalike. Ana kang ngarani gawe gambar ing kaca iku nggambar "kewalik". Dene (2) gawe gambar ing kaca iku nggambar seka sisih mburi, tegese sing nggambar kudu duwe petung tumibane werna cet, yaiku sing werna bening utawa werna tipis samar kudu kagawe luwih dhisik katimbang werna kang tuwa utawa luwih peteng. Lan maneh, (3) kaca iku barang kang ringkih, mula juru gambare kudu duwe pengati-ati supaya kaca ora benthet utawa pecah. Bab iki kang dadi jalaran angel tinemu gambar kaca kang ukurane amba.

Gawe gambar ing kaca iku kudu telaten, permati, sabar, lan ngati-ngati. Ora mokal yen gambar kaca iku dadi tradhisi seni lukis kang pinunjul sanajan asring katelah kalebu perangane lukisan tradhisional. Tandha gambar kaca iku gambar tradhisional bisa diwawas saka (1) pepethaning gambar (figur) lan papan kedadeyane (seting), kapethik saka lakon lan laku jantraning carita kang wis katelah ing wayang, dongeng, carita rakyat, lan carita babagan agama lan kapitadosan turun temurun. (2) Anggone gawe gambar ing lukisan rakyat iki uga katon prasaja, jujur, apa anane, saisane adhedhasar ngelmu naluri. Nanging, ing astane para winasis, para juru gambar kang wus nampa wulang seni rupa modheren, gambar kaca padha kareka-reka dadi seni gambar kang mirunggan lan kapacak kanthi luwih titi lan permati.

Kayata, kang bisa kapriksasi ing "Pameran Berkaca pada Kaca" dening Paguyuban Gedhah Sinangling, Yogyakarta. Pameran ginelar ing Galeri TahunMas, Kasongan, Bantul, wulan Agustus kepungkur. Pameran dikepyakake dening seniman Butet Kartaredjasa, dirawuhi para ahli-ahli seni kayata Mikke Susanto, Edi Sunaryo, Timbul Rajardjo, Halim HD, Martin Alayda, lan liya-liyane. Pameran kasengkuyung dening Dinas Kebudayaan DIY. Juru gambar kang unjuk gambar, Subandi Giyanto, Agus Nuryanto, Rina Kurniya, Iskandar, Sulasno, lan kasengkuyung gambar yasane Primadi Priya Laksono, Febri Antoro, Rapanca, Prasea Pradana, Rendra Kurniawan, Lanjar Dri Pras, lan Bajra Bagaskara.

Gambar kang kapajang katon nengsemake. Rekadaya cengkok teknik panggambare uga maneka warna. Ana kang tetep ngetut gambar kaca tradhisi, nanging uga akeh kang padha gawe rekan lan riptan kapetung anyar. Ora mung mligi gambar ing kaca bening, nanging uga gambar ing kaca pengilon. Tesege, carane gawe gambar ora kudu kuwalik (saka mburi). Katone kaya dadi gambar pepethan kang ngreggani pengilon. Nanging temene, yen kaca pengilon kaagem ngilo, mawas diri, gambar iku bisa dadi pinangka srana caos penget lan pepeling kagem para ingkang sami ngilo. Pengilon katon saya adi lan gambare ngemu surasa becik, sarwa sinamun samudana. Kaca pengilon, gedhah, pacen bisa dadi sarana wulang kang sinangling. **(pdm)**



Pameran lukisan kaca "Berkaca pada Kaca" ing Kasongan kang kakepyakake budayawan Butet Kartaredjasa. **(Foto-fid)**



Para kang sami menekung puja, laku lampah sunya, Mubeng Beteng Malem Siji Sura, taun 1952Be (2018) kang saya tambah akeh panyartane timimbang taun-taun sadurunge. (Foto-fid)

Lampah Laku Mubeng Beteng Jatukrama Mandhala Temu Gelang

LAMPAH laku Mubeng Beteng Kraton Ngayogyakarta, laku kanggo gawe ruwat kala, pakurmatan tumrap bobah mosiking tata kala, kang kapratela cetha ing wasita kang sinandi ing pananggalan sultanangugan, 1 Sura. Mula laku Muben Beteng bisa dadi cara murwa kali, reruwat marang wingiting wektu. Petung wektu tumrap wong Jawa pancen wigati. Amarga petung wektu kang pratitis bakal gawe sempulurinmg sedya. Ora lidok, saben malen 1 Sura tansah akeh warga kang melu mesuraga laku prihatin mubeng beteng sinambi pasa.

Cakra mandhala, manggilingan, gambaraning wektu kang tansah gumuling muter seser, temu gelang tanpa pendhot, tanpa kendhat laku laju plajare. Tanggal 1 Sura, pratanda mula bukane taun pananggalaning Sultan Agung, pindhane petung candra (hijriyah) krama kalawan petung surya (masehi lan saka), dumadine taun Jawa Pananggalan jangkep, temu gelang 64 taun sepisan kang diarani tumbuk ageng, yaiku antarane dina, pasaran, tanggal,lan sasi gathuk temu gelang saben 8 windu. Muter lakune kala manengen terus, mula setaun pisan kaadani tata kala laku mangiwa. Lampah tata kala mangiwa methuke lajune cakra mandalaning wektu. Luru santosaning kala, beburu waskitaning pangaribawa wektu.

Luwih saka 5000 wong padha melu lampah Laku Budaya Mubeng Beteng 1952 Be. Kang rawuh ora mligi saka Ngayogyakarta wae, nanging akeh kang saka Kedu, Temanggung, Magelamg, lan Purworejo. Lampah mubeng bateng ngagem busana pranakan, tanpa keris. Anggone mlampah ora padha gunem uni, mendel lan tansah manekung mengku puja ngucap ing batin mantram pangruwating pribadi lan nusa bangsa. Nyenyuwun marang ngarsaning Gusti Kang Akarya Jagat murih para manungsa lan titahing Gusti tansah kaparingan rahayu.

Kawiwitan jam 00.00 lampahe para kawula diestremi dening putri Dalem Sinuhun Sultan HB X, GKR Mangkubumi. Anggone padha lumaku tansah mesu budi, ngenam rasa, ngumbar pikir metani marang dhiri pribadhi lan gambaraning kahanan jaman. Laju terus tanpa kena kandheg, ora pareng kakehan tumoleh, nganti tumekan rampunng lakune. Sadurunge nindaki lampah laku, diadani kendhuri lan pamuji donga bebarengan. Sawise tumekan, banjur pada kembul dhawar prasaja lan warata.

Mubeng Beteng kanyata uga bisa dadi sarana sanja piguna, srawung paseduluran ing antarane pada kawula kang nedheng padha sesarengan ngudi marang raharjaning praja lan tentreming bangsa. Tegese dudu tapa bisu, nanging lampah tanpa gunem lathi, nanging kebak ing "pangunandikane" batin. **(pdm)**

Tata Nilai Budaya Kabupaten Sleman



(Foto-pdm)

DINAS Kebudayaan Kabupaten Sleman, katemben ambabar lan paring pambyawara bab tata nilai budaya Kabupaten Sleman. Tata Nilai Budaya Sleman iku kapethik saka jejlimet panalusure lan oncek pratitise Tim Kajian Tata Nilai kapangarsani Prof. Dr. Suwarno Dwijonagoro. Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Sleman, HY Aji Wulantara ngendika, yen tata nilai budaya Sleman ora teges mligu mung kagunane wong Sleman, nanging tata nilai budaya kang uga diugemi dening masarakat Jawa. Tata nilai budaya iku temene kanggo pandoming laku para warga anggone padha bebarengan memangung sedya utama.

Dene anggone pada ngimpun tata nilai budaya Sleman iki ora mung mligi adhedasar wacan buku nanging uga katelusur nganti tumekan anggone masarakat padha migunakake sari-sarine tata nilai ing panggautan urip bedinane. Sawise kuwi uga banjur padha karembug ing pasamuan kang mirunggan kanggo ngudar werdining tata nilai. Kayata umpamane, tata nilai *sumeleh* kang dumadi ing tengahing masarakat Sleman nalika nyangga panandhang awit kordane Gunung Merapi. Rasa *sumeleh* wis nyawiji ing batine warga Sleman amarga kordane Gunung Merapi bakal tansah dumadi. Rasa sumeleh uga bisa kadudut saka wulang ing Upacara Adat Nyadran Wot Galeh, Pangeran Purubaya kang tansah sumendhe marang rasa sumeleh ngadhepi maneka werna kahanan.

Miturut hasil panalitene Tim, tata nilai budaya Sleman kaperang dadi patang perkara. Yaitu, nilai kang gayut marang panguwasane Gusti, nilai-nilai Ketuhanan. Tata nilai kang gayut kalawan suhpamengkune pangarsa, nilai-nilai kepemimpinan. Tata nilai kang gayut kalawan alam ginelar jagat raya saisine. Kang pungkasan, tata nilai kang gayut kalawan bebrayan agung, tata nilai kemasyarakatan. “Kabeh mau wis kaonceki, werdi la nasal usule, banjur kababar ing buku,” ngendikane koordinator tim, Dekhi Nugroho.

Ana ing perangan nilai-nilai Ketuhanan, tinemu wulang bab *narima ing pandum, sabar, sumarah, sumeleh, ngundhuh wohing pakarti*. Narima ing pandum tegese, nampa apa anane, apa wae kang paringake dening Gusti Allah, nampa lega lila marang takdire, tansah caos rasa sokor marang kabeh rahmating Pangeran.

Dene *ngundhuh wohing pakarti* duwe teges kabeh sakliring pangucap lan patrap bakale antuk pinwales daka ngarsane Gusti Allah. Pangucap lan patrap becik bakal antuk nugraha, dene pangucap lan patrap ala bakale antuk piwales sangsara. Kabeh tata nilai budaya kajlentrehake nganti udara 25 sub-tata nilai lan kapiji bukti kang dadi sarana warga anggone memetri tata nilai utawa wulang luhur. Gambar ugeming para warga anggone tansah marsudi marang wulang luhur, kanthi anane buku tata nilai budaya Sleman iki banjur katon ngegla kasunyatane yen wulang luhur tansah karasuk dening warga Sleman.

Minangka sandhinging nilai kang wus dadi naskah dokumen Rencana Induk Pengelolaan Kebudayaan Kabupaten Sleman, 2017-2015, warga masarakat Sleman uga duwe tata nilai filosofis kang kagatra: (1) welas asih, (2) prasaja, (3) tembayatan, lan (4) sembada. Welas asih mring sasama dadi patrap bedinan. Prasaja, urip kang samadya, apa anane, dadi pratandha jiwa kapribadene warga. Uga tansah atut runtut reruntungan memangun urip sarwa tembayatan. Gotong royong lung tinulung, nyambut gawe bebarengan, bebarengan nyambut gawe tumuju marang gegayuhan luhur urip ayem tentrem. Dene sembada duwe karep jejeging wateg satriya, jejeg laku tindake, kukuh ing sedya, tatag tangguh tan cidra ing ubaya, ora luntur ing panggodha, ora mingkuh saka sakabehing pepalang.

Kabeh tata nilai iku kaajab enggal bisa dadi dokumen regulasi, paugeraning dhaerah, kang duwe daya pamengkune tumrap kang gawe kawaskitaning pembangunan lan adeging para kang amangku karya. Tata nilai kang nyata bisa dilakoni dening masarakat lan aparat. **(pdm)**


(Foto-fid)

Arca Hariti: Tresnaning Ibu

DINAR LISTINA

MUSEUM Pergerakan Wanita Indonesia mapan ing dalan Urip Sumohardjo No. 88, Yogyakarta. Museum iki karesmikake dening Presiden Soeharto tanggal 22 Desember 1983. Arsitek bangunan awangun limasan Jawa. Kaya ngapa perjuangane para wanita kagambar ing relief Pendhapa Balai Shinta. Relief iku nyritakake para wanita kang bebarengan nyengkuyung perjuangane bangsa Indonesia.

Museum iki nyugatakake Diorama perjuangan wanita ing Kongres Perempuan Indonesia I di Pendhapa nDalem Djojodipoeran ing tanggal 22 – 25 Desember 1928. Kedadeyan iku wujud greged tekading para wanita ing kancah perjuanganing Indonesia.

Maneka koleksi museum dipamerake, kayata mesin ketik *Remington Portable* Model 5 kang digunakake dening Mangunsarkoro nalika dadi Ketua Panitia Peringatan Seperempat Abad Konggres Perempuan Indonesia ing taun 1928. Mesin ketik iku minangka seksi pergerakan wanita Indonesia, sabanjure ing taun 1956, 1958, lan 1959 dianggo ing Kursus Wanita Pembangunan Desa.

Saka maneka koleksi museum kang dipamerake, ana koleksi kang narik kawigaten, yaiku Arca Dewi Hariti. Arca, miturut Bausastra Djawa yaiku reca utawa pêpêthaning manungsa utawa kewan sing digawe saka watu. Arca utawa reca bisa ditegesi uga patung kang digawe kanthi ancas minangka sarana agama, yaiku sarana nalika manengku puja mring Kang Maha Kuwasa utawa dewa-dewi.



Replika Arca Hariti ing Museum Pergerakan Wanita Indonesia Yogyakarta (Foto-avg)

Arca ing khasanah Jawa beda karo patung. Arca minangka kasiling seni kang ngandhut unsur endah lahir lan batin, engga nalika nyawang arca, bisa ngrasakake daya linuwuh ing ati. Saka iku, nggawe sawijining arca ora gampang kaya dene nggawe patung.

Arca Dewi Hariti

Arca Dewi Hariti minangka wujud *Murti*, gegambaraning roh utawa jiwa Ketuhanan. *Murti,* kamulyakake ing agama Hindu lan Budha, merga nalika manengku puja sawijining arca dadi punjer sarana puja utawa titik fokus medhitasi.

Arca Dewi Hariti minangka garwane Dewa Kuwera (Dewa Kasugihan). Konon miturut cerita tutur tinular ing masarakat, Dewi Hariti jaman biyen minangka *Yaksa* (sawijining makhluk ing mitologi Hindu, setengah menungsa setengah dewa, uga bisa ditegesi raseksa).

Menungsa nganggep raseksa iku minangka makhluk kang ala utawa nduweni sipat kang ala. Raseksa minangka pralambang swasana rurah, dene ing mitos wujud makhluk kang seneng mangan daging manungsa.

Owah gingsiring jaman, Dewi Hariti kang sadurunge minangka *Yaksa* sabanjure mertobat lan dadi payung sangganing para lare. Ing saperangan candi ing Indonesia bisa katemokake relief utawa arca Dewi Hariti, kayata ing Candhi Mendhut lan ing Museum Pergerakan Wanita Indonesia.

Dewi Hariti: Asih Asuh

Jadi digambarkan seperti sedang mengasuh kedua anaknya, namun meskipun seperti sedang mengasuh seorang anak, penggambaran seorang Dewi dapat terlihat dari pakaian yang dikenakannya.

Arca Dewi Hariti kang mapan ing Museum Pergerakan Wanita Indonesia nggambarake ibu kang lagi nggendhong anak ing sisih kiwa lan nggandheng anak ing sisih tengen. Bab iku bisa ditegesi ibu kang lagi momong putrane kanthi asih. Dene wujud sandhangan kang dianggo uga nyengkuyung kahanan ibu kang lagi momong bocah.

Candhi Budha kayata Candhi Mendhut bisa katemokake gegambaran bocah-bocah kang lagi padha dolanan gegojekan suka-suka kanthi ngiteri Dewi Hariti, saperangan bocah uga ana kang gemandhul ing wit-witan lan ing awakke Dewi Hariti. Jumlah populasi bocah ora bisa katamtokake, nanging dicritakake kahanan bocah-bocah lumantar arca Dewi Hariti ing Candhi Mendhut minangka pangayoming lare.

Arca Dewi Hariti dipercaya minangka tolak balak marang godha recana mring bocah-bocah cilik. *"Tersebab itu, Dewi Hariti sangat dipuja sebagai pelindung anak-anak karena kematian yang tinggi di kalangan anak-anak pada masa kuno,"* tulisane *L Chandra* ing *"An Indonesian Copper-Plate", Jurnal KITLV No 133 133 (1977).*

Dewi Hariti mkhluk mitologi minangka pengayoming bocah-bocah, paring kalancaran nalika lairan, njaga lan ngayomi bocah-bocah, njaga harmonising palakrama, sih tresna, lan njaga sejahtera amaning kulawarga.

Wanita nduwe posisi kang wigati ing kulawarga tuwin madyaning masarakat. Ing jaman saiki, wis wektune wong wedok bisa sinau ing pawiyatan luhur tumekan lungguh ana ing posisi-posisi wigati ing pamarentahan. Mardika anggone nemtokake urip tanpa ngubah apa dene nglalekake kodrate minangka wanita kang kudu weh asih asuh kanggo anak-anake.

JISP, Kaya Arak-arakan Seni Barangan

TONTONAN ing dalan, street performance, tataran internasional kang kaadani makaping-kaping ing Yogyakarta. Arane, Jogja International Street Performance (JISP). Priyagung kang kawit awal gegatra, Bambang Paningron, seniman kondhang kang kagungan suh kridha-rumpaka gawe (event organizer) aran Jaran Production. Taun 2018 iki JISP wis ngancik kaping 7 kagelar wiwit taun 2010. Taun iki Jaran Production kang tetep diresaya dening Dinas Pariwisata DIY reracik JISP..

Rombongan wong nyandhang lan macak medhok merok pating graduk, jejogedan karo mlaku arak-arakan, kaya wong seneng-seneng. Penonton pada keplok karo pating cruwit, pating brengok lang ngguyu banter miarsa solah bawane para penari. Arak-arakan waneka warna ing JISP gawe sengseme kang mirsani. Malah, dadi tontonan kang ngangeni. JISP wis dadi tontonan jujugan saben taun kang tansah diantu-antu dening masarakat.

Yen dipriksani, seni tontonan ing dalan iki kaya arak-arakan utawa karnaval. Nanging, temene mengku sedya seni ing papan kang saben dinane lumrahe kaanggo dening masyarakat, wujud dalan umum, nanging "disulap" dari panggung tontonan werna-werna. Kang padha mirsane bisa nyaket nyedhaki arak-arakan. Bareng hanggarebeg. Seni barangan pindhane. Miturut pangandikane Bambang Paningron, JISP iku temene tontonan kang duwe sedya dadi sarana silaturahmi tumrap para seniman maneka bangsa, saka manca negara lan masarakat DIY, supaya bisa tansaya rumaket anggone tansah sesambungan. Pamrihe, bakale bisa dadi kagunan wisata, dadi jujugane wisatawan ing DIY.

Taun iki milih lakon "Jogja Kutha Beksa" (*Jogja The Dancing City*) kang dikrenah supaya tuwuh ngrembaka dadi "Jogja Jejogedan". Diadani di Lapangan Grha Sama Pramana UGM (Lapangan Pancasila) nganti tumekan Bunderan UGM, 11-12 September kepungkur. Kaangkah ing tembe burine, JISP bisa karangkul gandheng karo *Dancing Cities Network* kang punjere ana ing kutha Barcelola, Spanyol.

Masarakat tumplek bleg jejel riyel nonton JISP kang nyawisase kiprah kridhaning para penari utawa seniman tari Kazco Takemoto (Jepang), Stefano Fardelli (Italia), Rodrego Parijo (Spanyol), Potchanan Pantham (Thailand), Angela Vela (Mexico). Saliyane iku, uga seniman saka Indonesia, yaiku saka Bangka Barat, Cirebon, Purworejo, Wonogiri, Bandung, Padang, NTT, Pasuruan, lan Yogya. Dene komunitas kang padha unjuk tontonan seni ing dalan JISP 2018, yaiku Sanggar Melanesian (Papua), dene kang saka Yogyakarta, Natya Laksita, Mila Art Dance, Total Perkusi, Sanggar Anak Tembi, Bambini Body Movement, UKM Swagayagama UGM, lan Rampoe Aceh FIB UGM. **(pdm)**





Jejogetan ing ndlanggung prapatan lan samargi-margi, street art, gawe pratandha "Yogya Kutha Beksa" kang kagelar ing Jogja International Street Performance (JISP) 2018 ing Kampus UGM Bulaksumur. ***(foto-fid)***

Celengan Hadhiah Lomba

SIMON SUDARMAN



KANGGO ngramekake taun anyar, ing desane Raras diadhani lomba gerak jalan. Ana ing lomba kuwi maneka bebungah utawa hadhiah disiapake dening panitia lomba, kayata buku, maneka alat rumah tangga, kayadene piring, wajan, kompor gas, malah ana uga tabung gas cilik. Warga sing gaweyane dodolan klambi ing pasar padha nyumbang klambi, kaos, sepatu kanggo hadhiah lan bebungah sing gedhe dhewe ajine awujud kulkas sing disumbang saka kas RT.

Raras, Tata, Aji, Fahmi, Yoga, Agus lan kanca-kanca liyane katon seneng banget nyawang maneka bebungah sing akeh banget iku..

“Wah, nek aku mengko enthuk kulkas, mesthi Ibuku seneng banget. Sesuk bisa kanggo gawe es, nyimpen woh-wohan lan liya-liyane. Nek kowe pengin endi Ta,” pitakone Aji.

“Aku wis duweni kulkas, mula aku pengin banget yen entuk hadhiah kompor gas sak tabunge pisan kareben Ibuku anggone masak ora kangelan maneh,” semaure Tata.

“Nek aku ora kuwi, Ibuku wis duweni kulkas lan uga kompor gas, mula aku pengin banget yen entuk celengan gajah. Wah, celengan iku apik banget, lucu lan yen aku entuk bakal daknggo nyimpen dhuwit,” kandhane Raras tanpa ditakoni.

Suwalike, nalika ibu-ibu padha kumpul ana ing warunge ibune Raras malah padha ribut dhewe-dhewe. Sumelang mengko yen ana sing nangis kepriye. Sebab bocah-bocah kasebut isih padha cilik-cilik. Isih gampang nangis yen liyane entuk hadhiah, sauntara dheweke ora entuk.

“Anu kok Bu, aku wis tuku kaos kanggo Yoga, mengkone arep daktitipake marang panitia kareben wayah undhian hadhiah Yoga ora nangis. Kabeh kanggo ngawekani, yo yen mengkone Yoga entuk hadhiah, yen ora, rak yo mesakake ta?” kandhane ibune Yoga.

“Lho, apa oleh Bu?” pitakone ibune Aji.

“Iku wis biasa Bu, padha titip hadhiah kanggo anak-anake marang panitia. Taun wingi uga padha ngono kok,” semaure ibune Fahmi.

“Wah, nek ngono aku ya pengin titip hadhiah kanggo Tata, mengko ndhak nangis yen liyane padha entuk hadhiah, sauntara dheweke malah ora,” bune Tata nambahi.

Krungu ibu-ibu padha arep titip hadhiah marang panitia kanggo anak-anake, ibune Raras kanthi meneng-meneng



uga titip saweneh hadhiah kanggo Raras. Hadhiah celengan gajah werna ijo sing banget diimpek-impekake dening Raras.

Ngepasi lomba jalan sehat kawiwitan, Raras lan kanca-kancane padha seneng banget. Bocah-bocah iku padha menganggo sepatu, topi lan kaos olah raga. Raras sa kanca padha semangat kanthi pangarep-arep mengkone uga entuk hadhiah saka panitia sing wis kapajang ana ing ngarep panggung.

“Wah, yen mengko aku bisa entuk kaos, aku wus seneng banget, ora pengin entuk kulkas wong ngomah wus ana. Kulkas akeh-akeh arep kanggo ngapa, iya ta?” kandhane Yoga.

“Nek aku pengin banget hadhiah celengan gajah werna ijo iku,” tumanggape Raras.

“Bener Ras, sing siji kanggo aku, sing siji kanggo kowe, Hadhiah celengan gajah sing ana ing panitia iku cacah loro,” semaure Fahmi karo anggone mlaku radha ingkul.

“Ora usah cepet-cepet Mi! Iki ora cepet-cepetan kok!,” Raras sing katon lemu ginuk-ginuk dhewe iku sajak kabotan awak anggone mlaku.

Ibune bocah-bocah iku uga melu ngawat-awati saka mburi sinambi mlaku gliyak-gliyak karo ngobrol ngalor-ngidhul.

Anggone lomba gerak jalan iku ora patiha adoh, mula ora gantalan suwe wus tekan ubengane. Ing sangarepe panggung panitia, para peserta wus disedhiyani unjukan lan uga dhaharan awujud bubur lan sing ora seneng bubur uga bisa milih sega wungkus. Kahanan rame banget lan akrab sinambi ngenteni panitia anggone ngundhi hadhiah.

Raras katon ora jenjem. Girik kertu lomba kanthi nomer 274 terus wae diiling-ilingi. Raras lan kanca-kancanae padha lungguhan sangisore panggung kareben mengkone krungu angka-angka undhian sing diwacakake.

Raras mlayu nemoni Ibune,”Bu! Bu! Mengko nek entuk celengan gajah, sesuk yen oleh sangu saka ibu ora bakal dakanggo jajan kabeh,” kandhane Raras.

“Janji Ras?” semaure Ibune sinambi ngacungake drijine.

“Janji Bu!” semaure Raras mantep.

Nalika angka-angka sing kasil metu menang undhian sansaya akeh, Raras lan kanca-kanca liyane padha ora jenjem amarga nomere durung disebut. Malah Raras dadi kaget lan sajak meri, nalika Fahmi kasil entuk hadhiah celengan gajah. Kanthi mangkono hadhiah celengan gajah mung kari siji.

Ora mung Fahmi wae sing wus entuk hadhiah, kalebu Aji, Yoga, Agus, Tata, Memet lan liya-liyane. Mung kari Raras dhewe sing durung entuk hadhiah. Nalika panitia nyebut nomere, saeba senenge Raras. Lan atine seneng banget nalika hadhiah kasebut wujude celengan gajah werno ijo kaya dhuweke Fahmi.

Nyawang kahanan iki, Ibune rumangsa lega.

Bubar nampa hadhiah, Raras mlayoni Ibune lan ngesun pipine tandha seneng lan atur panuwun amarga mengkone mesthi bakal diwenehi dhuwit kanggo ditabung utawa dicelengi.

“Wah, celengane apik Ras?” aloke Ibune.

“Iya Bu! Untung awake dhewe melu lomba, yen ora melu rak ora entuk celengan sing kaya mangkene iki. Ya celengan iki Bu sing wus suwe dakimpek-impekake,” semaure Raras sinambi ngekep-ngekep celengan iku. Ibune mung mesem.

***

SENDHANG MOLE LAN SENDHANG SOKA

Wayang Sawayange, Ilang Musna

HERRY SG



PEDHUT peteng tansah ngemuli kulawargane Kyai Goa Soka sing mapan ing Jepitu, Tepus, Gunungkidul. Rekasaning golek sandhang pangan sing njalari kulawarga Kyai Goa Soka tansah nandhang prihatin, apa maneh anake sakloron aran Guru Soka lan Andan Sari sing isih cilik-cilik kudu nglakoni urip sarwa kekurangan.

Kasangsaran iki ndadekake pikirane Kyai Goa Soka ora jenjem, golek cara kepriye kahanan iki enggal uwal. Mula Kyai Goa Soka sing dadi panutaning urip kulawarga duwe gagasan luhur, nanging kudu disarujuki dening anak bojone.

"Mbokne lan kabeh anak-anakku, aku duwe panemu sing kudu daklakoni. Gagasanku iki mengkone bisa ngudhari bebendhu sing nggubet kulawargane awake dhewe," mangkono pambukane Kyai Goa Soka sangarepe

anak lan bojone.

"Gagasan apa, Pakne?" pitakone Nyai Goa Soka karo lungguh nglesot linambaran klasa amoh.

Anake sing isih cilik-cilik lungguh sacedhake mboke mung meneng wae ngenteni kanthi sabar apa sing arep diandharake bapake.

"Supaya anggone golek sandhang pangan bisa gangsar, aku arep lunga sauntara wektu saperlu mertapa, maneges marang Gusti Kang Akarya Jagad supaya enggal ngudhari bebendhu iki. Aku wis ora kuwat nyawang kahanan ngene iki. Mesakake bocah-bocah sing isih cilik-cilik katut nyangga rekasane."

"Panjenengan arep mertapa?" Nyai Goa Soka kaget keprungu gagasan iku, "Suwe apa ora anggone nglakoni mertapa, Pak?"

Kyai Goa Soka ora sumaur, mung unjal ambegan karo nyawang anak-anake tanpa kedhep.

"Oh, Bapak arep mertapa? Ateges arep ninggalake omah, Pak?" Guru Soka uga kaget keprungu sing diandharake bapake.

"Iya, aku kudu ninggalake kowe kabeh."

"Aku melu ya, Pak. Aku emoh ditinggal Bapak," Andan Sari kabotan yen ditinggal bapake.

"Hus, kowe karo Guru Soka neng omah wae ngancani mbokmu. Lungaku iki kanggo mulyakake kowe kabeh."

"Suwe apa ora, Pak?" pitakone Nyai Goa Soka ngambali.

"Aku ora ngerti suwe apa ora, sing cetha mengko bakal kepenak uripe awake dhewe."

"Ing papan ngendi anggone mertapa, Pak?" pitakone Guru Soka maneh.

"Aku durung ngerti papane. Aku arep nglurug papan-papan sing trep kanggo ngeningke pikir."

Kabeh padha meneng sawise mangerteni gagasane Kyai Goa Soka. Sejatine kabotan yen pisah. Bareng dipikir dawa, kabeh padha sarujuk. Esuk-esuk sadurunge srengenge mlethek, Kyai Goa Soka ninggalake omah tumuju papan pertapan.

Manuk-manuk pating cruwit ngatonake ocehane kang endah. Angin sumilir ngobahake gegodhongan sing mentas wae dilela impen. Cemlorote cahya sang bagaskara wiwit jumedhul saka wetan, alon-alon mrambat mangulon aweh pepadhang marang jagad kang gumelar, banjur angslup ing pangkon langit sisih kulon. Mangkono sateruse, terus muter.

Ora rinasa wis setaun kliwat Kyai Goa Soka aggone ninggalake omah. Ora ana kabare babar pisan, andadekake atine Nyai Goa Soka lan anak-anake sar-saran. Pendhak dina Guru Soka lan Andan Sari tansah nakokake bapake.

"Ayo nyusul Bapak, Mbok. Aku kangen banget," clathune Guru Soka.

"Iya, Mbok. Ayo nyusul Bapak. Aku kepengin ketemu Bapak," sambunge Andan Sari karo membik-membik arep nangis.

Kanggo nuruti kekarepane, Nyai Goa Soka ngajak anak-anake nggoleki Kyai Goa Soka. Anak-anake padha bungah metu saka omah saperlu nggoleki bapake. Nanging ora ngerti ana ing endi papan dununge anggone mertapa. Tekad gedhe ora nyuda lakune. Kringet sing dleweran ing pakulitan wis ora dirasa. Jumangkahe sikil ora bakal mandheg sadurunge ketemu sing digoleki. Papan-papan sing sepi kaya alas wingit, guwa-guwa sing katutup tetuwuhan, sendhang-sendhang gedhe lan cilik sing diliwati banjur ditiliki, sepi. Ora ana pawongan ing kono.

Gusti Kang Maha Agung pancen ora sare, ora tega marang tekad kang disandhang Nyai Goa Soka lan anak-anake, banjur maringi pepadhang. Ora dinyana sing digoleki ketemu ing papan Sendhang Sureng. Papan sing sakiwa tengene kebak tetuwuhan gedhe lan cilik, ndadekake petenge kahanan kono, amarga cahya srengenge ora bisa nyusup ing sela-selane wit-witan sing rungkut.

Saking bungahe, kabeh ngruket Kyai Goa Soka, nyuntak kangene. Nganti pirang-pirang dina urip dadi siji ing kono. Bareng wis dirasa cukup, Nyai Goa Soka lan anak-anake ninggalake papan kuwi. Kyai Goa Soka ora melu mulih, amarga arep mbacutake olehe mertapa.

"Suk yen aku kangen Bapak, niliki maneh ya, Mbok?" kandhane Guru Soka sawise tekan omah.

"Iya, Mbok. Aku ya pengin ngerteni kahanane Bapak maneh," sambunge Andan Sari.

"Iya, iya, yen wis ngerti papane bisa njujug ing kana, ora usah keraya-raya nggoleki kaya dhek sepisanan kae," kandhane Mboke.

Dina-dina playune pancen kaya thathit. Seminggu, sewulan lan ganti taun wis nganti ora dirasa. Rasa kangen marang bapake wiwit tuwuh, kepengin ketemu maneh. Mula Nyai Goa Soka lan anak-anake banjur ninggalake omah tumuju papan dununge Kyai Goa Soka ing Sendhang Sureng. Saiba kagete, ing papan kono Kyai Goa Soka ora ana. Digoleki ing papan sakitere uga ora ana. Neng ngendi ya papane saiki? Kahanan ngene iki ndadekake bingunge anak lan bojone Kyai Goa Soka. Dumadakan keprungu suwarane Kyai Goa Soka nanging tanpa weruh wujude, "Mbokne lan anak-anakku kabeh, aja sumelang atimu. Aku ora bakal ninggalake kowe. Wiwit saiki kabeh manggon dadi siji ing papan kene, mengko bakal mulya lan gangsar olehe golek sandhang pangan."

Sawise nyuwara mangkono, Nyai Goa Soka lan

anak-anake banjur meruhi wujud pawongan sing digadhang-gadhang, yaiku Kyai Goa Soka kanthi gamblang ing sangarepe. Kabeh ngruket kenceng awake bapake kaya-kaya ora gelem uwal maneh. Ora kanyana, Nyai Goa Soka, Guru Soka lan Andan Sari sanalika muksa, ilang saka pandeleng. Kabeh urip bebarangan ing papan kono tanpa wujud.

Sawijining dina, Kyai Goa Soka ngakon Guru Soka lan Andan Sari ngetung cacahe sendhang kang sumebar ing tlatah Gunungkidul. Yen wis ketemu cacahe, Guru Soka supaya manggon ing sendhang itungan pungkasan lan Andan Sari manggon ing sendhang sadurunge pungkasan, mangkono prentahe bapake kanthi wicaksana.

Guru Soka lan Andan Sari nindakake apa sing diprentahake bapake, yaiku nglurug ing sadalan-dalan ngetung cacahe sendhang sing sumebar ing tlatah Gunungkidul. Kanthi sabar lan tumemen, kabeh sendhang disambangi lan dietung, kanyata cacahe ana 31. Kanggo ngarani (nyebut) angka 31 nganggo istilah Beji, saka ukara *Behji*. Dening Guru Soka, sendhang kang pungkasan iki dijenengi Sendhang Beji. Guru Soka manggon ing sendhang kono salawase. Bareng wis ngerteni papan kanggo kangmase, Andan Sari banjur mulih ing sendhang sadurunge itungan pungkasan mau. Ing sendhang kono Andan Sari uga manggon salawase. Sendhang sing dipanggoni Andan Sari dijenengi Sendhang Mole, saka ukara *mulih*.

Sauntara wektu Kyai Goa Soka lan Nyai Goa Soka nggoleki papan dununge anak-anake. Ora suwe Kyai Goa Soka nemokake papane anak-anake yaiku Guru Soka ing papan Sendhang Beji lan Andan Sari mapan ing Sendhang Mole. Atine Kyai lan Nyai Goa Soka rumangsa marem anak-anake wis duwe papan dhewe-dhewe. Kyai Goa Soka banjur mejang, sesuke Sendhang Beji lan Sendhang Mole bakal rame diparani uwong. Akeh pawongan sing teka ing papan kono saperlu tirakat lan golek berkah. Yen panyuwunane kasembadan, mesthi ngadani syukuran kanthi slametan. Saka slametan iki bakal entuk pangan.

Sendhang Beji lan Sendhang Mole nduweni tuk sing ora kendhat nyemburake banyu kang gedhe. Ora asat sanajan mangsa ketiga. Ananging amarga gedhene sumber mau ndadekake warga masarakat rumangsa kaweden yen titiwancine mangsa rendheng, bakal dumadi banjir. Kanggo ngawekani aja nganti kedadeyan banjir, sesepuh masarakat kono banjur nyumpet tuk mau nganggo ijuk. Nanging cabar, usadane nyumpet ora kasil. Tuke isih nyemburake banyu kang gedhe. Guru Soka banjur menehi wangsit marang salah sijining warga supaya nyawisake sesaji awujud gamelan komplit karo wayange. Para warga padha sengkut gotong royong golek gamelan jangkep karo wayange. Bareng wis dicawisake ing papan kono, dumadakan gamelan lan wayange ilang sanalika. Kabeh padha kaget lan gumun weruh kedadeyan sing ora nalar kuwi. Nanging warga masarakat ngekhlasake yen pancen wis dikersakake.

Sawijing dina, salah sijining warga nampa pituduh arupa wangsit, menawa ana warga masarakat sing merlokake gamelan lan wayange, Kyai Guru Soka lan Nyai Andan Sari saguh nyilihi kanthi syarat, yen wis rampung digunakake enggal dibalekake komplit kaya maune. Mula yen warga masarakat duwe kajad, gamelane nyilih marang Kyai Guru Soka lan Nyai Andan Sari. Nanging ana sing nguciwani atine Kyai Guru Soka lan Andan Sari. Nalika salah sijining warga nyilih, kelalen anggone mbalekake salah sijine piranti kanggo nabuh gamelan yaiku wujud kempul. Amarga kedadeyan kuwi, Kyai Guru Soka lan Nyai Andan Sari wis ora gelem maneh nyilihi gamelan marang sapa wae. Anehe, bareng gamelan wis ora disilihake, swara gamelan sing biyasane ngumandhang ing desa sakitere, ora keprungu maneh, sepi lelimengan mligine ing wayah wengi.***

(Sendhang Beji mapan ana ing Parangsari, Girijati, Purwosari, Gunungkidul. Dene Sendhang Mole mapan ana ing Gading V, Gading, Playen Gunungkidul, mlebu alas Bunder).

BUDI SISWANTO

Cathetan Emas Desember: kanggo awakku.

Dhuh...,
Ora ngira wus bakal lumaku tekan kikising wektu.
Kudu ngaso saka dina-dina kang kebak panggonjak prakara.
Klebus adus kringet.
Kang njalari pamikir tansaya mumet.

Sewidak warsa ora ndak rasa,
wus jangkep genep mring yuswa.
Umur kang ndak sedya sempulur bareng thukule jamur.
Ing pungkasaning taun iki wus kudu gilir gumanti.
Ayah-ayahan mulya,
tininggal semprung saka jibahing karya.

Ndak wedharake atur pinangka panuwun.
Kinanthen sujud syukur srana tafakur.
Marang Gusti kang wus paring pakarti.
Dene laku pecake dina-dina kang tininggal.
Manggih rahayu slamet ingkang tumimbal.

(Bhumi Perdikan Paker, Jl. Paris 19,5 Bambanglipuro, 30 Agustus 2018)

Padha Papagen Wektu Esuk

Padha papagen tumekane wektu esuk.
Kanthi esem srengenge kang milangoni.
Kang bisa nduwa rasa atis.
Lelantaran pengarep-arep wasis kang patitis.

Liwat semburat abang langit sumilak.
Dadia pandudut tumraping ati sigrak.
Kanggo miwiti tumapuke makarya suci.
Anyenyadhong marang sih nugrahaning Gusti.
Ing pasabinan gesang
Kang ginarap kanthi breguting karya.
Temen dinama mring rahayuning kluwarga.
Kang ayom ayem lan tentrem.
Dinayan sesanggeman ingkang sumanggem.

Padha papagen tumekane esuk.
Muga raharja ingkang samya tumanduk.

(Bhumi Perdikan Paker ; Rebo esuk, 29 Agustus 2018.)

Ndakranggeh Lintang ing Tawang

Sunar kang cumlorot ndamari ndhedheting ati.
Kang kuwawa paweh pepadhang.
Marang ati kang anggegadhang.
Dadia pangudang mring warni endahing tawang.

Ing wengi iki.
Ndak niyati bisaa ngranggeh lintang siji.
Banjur ndak simpen kanthi primpen.
Ing sajroning ati kinemulan temen.
Ing pangajab dadia suluh.
Tumanduk teguh anggonnya ngrengkuh sadawaning pupuh.
Pindhane kidung kang tumlawung hamangungkung.
Sing sanyata ndadekake rasa gandrung,
mring pamikir suwung.

Oh, lintang ing tawang.
Tansah ndakkudang dadi reseping panyawang.

(Bhumi Perdikan Paker ; Selasa dalu, 21 Agustus 2018)

Kanggo Sunarmu, Srengenge

Aku setya mbopong rasa kangenku
marang wektu sore.
Ing dina-dina kang kudu tansah kelingan endah
sunare srengenge.
Kang nadyan adoh papanmu.
Nanging bakal nedya ndak luru.
Embuh tekan pucuking ardi.
Bakal ndak udi.
Lan ndak pecaki.
Kanthi greget antebing ati.

Aku pancen wus prajanji marang dawaning wengi.
Kanggo ngupadi tresna suci kembang melathi.
Kang gandane amrik wangi andudut ati.
Lan kaendahane,
tansah dadi pepethaning pangimpi.

Banjur kapan maneh.
Rasa pangrasaku bisa sareh sumeleh.
Urip tentrem kinanthi ati ingkang sumanggem.
Mlaku sarimbit sinawang renteng reruntungan.

Tumuju dalan padhang kang kebak eraming pepethan.
Nuli lumebu taman sari.
Kang asri ing jagating urip iki.

(bhumi alit perdikan paker ;
rebo sonten, 5 september 2018)

Gurit Iki

Gurit iki mung tanpa pangaji.
Kang mung ngundha panlangsa ati.
Ngembat panyambat urip kesrakat.
Ing saben ubenging mangsa kepara kumat.

Gurit iki mung tanpa pakra.
Sing mung wola-wali ngronce ukara.
Rasa tresna lan kangening nala.
Sing kepara datan antuk usada.

Gurit iki mung tanpa wilet.
Sing ing pamikire mung tansaya bundhet.
Adoh saka pangentha, sepi ing panyandra.
Sing yen katedha rinasa sepa.

Gurit iki mung gurit gojegan.
Sing mung tinata ukara blanyongan.
Krana lair saka cetheking pamikir.
Sing tanpa tandhes tekaning akir.

(bhumi perdikan paker ; selasa enjang, 4 september 2018)

Wayang

Wayang.
Wewayanganmu nyata datan winates ing sadawaning laku.
Kang pindha dadi ayang-ayanging uripku.
Marang jantraMu aku tumuju.
Ing gelaring kelir kang tumeka wektu lingsir.
Aku mung kudu ngeli.
Anut iline banyu kali.

Wayang.
Dadi wewayangane jagat nata.
Ngamot prastawa gesang kang sanyata.
Ing sunare blencong cumlorong.
Kanyata bisa nyunari sukma kang kopong.
Ing kelir putih.
Dadia pangrepih daya pamilih.
Ing debog kang pinangka tancep jejering gesang.
Muga tansah popog marang greget kang wus
cinencang panjang.

Wayang.
Tumrape wewayanganku.
Mung kudu karantu teka butuling lelaku.
Kanthi linampah pasrah.
Marang apa kang bakal tumitah.
Marang apa kang bakal tinatah.

(bhumi perdikan paker ; selasa enjang, 21 agustus 2018)



Dhalang Bocah kang wus baut ngecake pakeliran jangkep. Katon nalika pada mupu sayembara ing Festival Dalan Cilik DIY 2018 ing Dinas Kebudayaan DIY. **(Foto-fid)**

MACAPAT

Pancasila Dhasaring Nagri

HIDRATMOKO ANDRITAMTOMO, S.PD

KINANTHI

Wis kapitungpuluh telu
Pra kawula amengeti
Lairing dhasar nagara
Wiwit Juni tanggal siji
Warsa sangalas pat lima
Pancasila kang sayekti

Panca lima gunggung iku
Dene sila mengku werdi
Watak patrap kang utama
Ndhapuk manungsa sejati
Lamun samya anindakna
Kanthi lagawaning ati

Pancasila kang dienut
Pisan percaya mring Gusti
Pangeran Kang Murbeng Gesang
DhawuhE tankena lali
Kapindho dadya manungsa
Kang adil tan pilih asih

Dene sila kang katelu
Anduwe rasa nyawiji
Kang beda ing Nuswantara
Bisaa manunggal amrih
Najan beda tetep bisa
Nyawiji ambangun nagri

Pancasila kang kacatur
Kawula bisa pinimpin
Pangarsa kang wicaksana
Saben prakara pradondi
Binengkas kanthi rembugan
Sanajan lumantar wakil

Dene kang kalima iku
Kabeh kudu bisa adil
Aneng samubarang karya
Kudu asih mring sasami
Angreksa datan angrusak
Dimen bangsa ora ringkih

Pra kawula nilar lamun
Marang dhasaring nagari
Ingkang luhur Pancasila
Temah bisa anjalari
Tuwuh maneka bebaya
Tan gawe tentreming galih

Lamun samya anyengkuyung
Pancasila kang utami
Temah bisa kasembadan
Pangajap bisa pinanggih
Negara saya santosa
Ayem tentrem klawan adil

Hidratmoko Andritamtono, S.Pd
Guru basa Jawa SMP Negeri 1 Jetis, Bantul
Jalan Imogiri Barat Km 11
Kabupaten Bantul



Abdi Dalem Kraton Ngayogyakarta nalika nampi dhawuh ngayahi nembang Macapat ing Bangsal Srimanganti. Kaadani saben dina Jumat. Nembe maos naskah carik, seratan asta asisten pujangga. **(Foto-fid)**

CARITA CEKAK

Wek-wek-wek

HAMID NURI

SAPA sing ora kenal karo Hari Rajawali. Priya bagus kang tau dadi tetunggule aktivis mahasiswa ing jaman gerakan reformasi taun 1998, sing kuwawa ngambrukake rezim kang kondhang kanthi sebutan rezim Orde Baru, sing kuwasa 32 taun lawase.

Nalika iku Hari Rajawali asring dadi koordhinator lapangan ana ing kegiyatan demontrasi mahasiswa kanggo ngoreksi kawicaksanaan pamarentah kang dianggep wis mlenceng saka gegayuhan para *foundhing father*, para pemimpin bangsa kang wis berjuwang ngedegake negara Republik Indonesia.

Hari Rajawali, wektu iku uga asring disebut-sebut minangka Singa Podhium, merga pidhato-pidhatone kang banget narik kawigaten. Omongane bener-bener mranani lan mentes. Ora ngguroni utawa dakik-dakik kanthi basa sok ilmiah. Saengga wong-wong kang ora tau ngrasaake bangku kuliah ing pamulangan luhur tetep bisa nampa.

"Suwarane kaya Bung Tomo, tegas lan bisa mbakar semangat para pasarta dhemo kang padha ngrungokake orasine," mangkono komentare sawijining tokoh sepuh kang *dikutip* sawijining ariwarti terbitan ibukota.

Malah ana kang nduweni panemu Hari Rajawali iku reinkarnasine Bung Karno!. Lan Hari uga ora jumawa menawa dipadhakake karo tokoh gedhe iku. Dheweke tetep andhap asor kaya biasane.

Pancen menawa lagi mimpin aksi dhemo, para anggota DPR utawa birokrat asring pada glagepan njawab pitakonan-pitakonan kritis saka Hari Rajawali. Saengga Hari kerep diawat-awati dening petugas intel, merga dianggep mbebayani dening rezim kang lagi kuwasa wektu iku.

Nate sumebar kabar kabur manawa Hari dadi target kanggo 'diamanke' pihak-pihak kang ora seneng karo aksi mahasiswa. Nanging arepa bola-bali ana isu dadi target, Hari durung tau mlebu pakunjaran. Akeh kang padha percaya menawa Hari iku bener-bener 'pemimpin masa depan'. Paling ora minangka tokoh mahasiswa dheweke nduweni visi lan ora mung waton ngritik kanthi mbengok sero. Nanging....

Nalika jaman wis gumanti, akeh aktivis mahasiswa kang banjur padha dadi anggota DPR, birokrat utawa *vokal* minangka tokoh LSM, si Hari Rajawali malah ngilang. Ora kocap!

Dheweke bener-bener ngilang. Fotone sing biyen asring ngrenggani koran lan majalah, saiki mung kari crita. Kamangka menawa dheweke ambyur ana ing jagate politik kabeh padha maklum. Hari wis tau melu berjuwang mati-matian kanggo "njejegake" negara iki. Kanca-kancane akeh kang padha ambyur ana ing politik. Mosok wong wis melu berjuwang malah ora melu ngrasakake nikmate reformasi kang mbiyen diperjuwangake.

Kaya si Farid kang ora beda karo Hari, mbiyen uga asring dadi koordhinator lapangan ana ing kegiyatan demo anti pamarentah, saiki wis dadi anggota DPR pusat. Murdi kang uga tau runtang-runtung karo Hari Rajawali ana ing dhiskusi-dhiskusi kang ngrembug reformasi uga pada karo Farid, dadi wakil rakyat kang kinurmat. Mung wae partaine kang beda. Nanging tetep dadi wong gedhe.

Apa Hari Rajawali kena cekal dening wong sing paling kuwasa ing negara iki. Aja-aja malah Hari diculik dening wong sing kesingkir merga anane reformasi? Pitakonan iku tuwuh sebab sing jenenge operasi culik para aktivis kabare uga tau dileksanakake dening sawijining rezim kang saiki wis ambruk.

Akeh pitakonan bab ngilange Hari iku.

Sawijining dina, Eddy, salah siji kancane sapadha aktivis kang saiki dadi staf ahli menteri teka menyang desane Hari saperlu nanjihake. Apa bener kabar kang sumebar kuwi. Menawa perlu dheweke saguh nggolekake



pegaweyan kanggo Hari. Sebab akeh kanca-kanca sing biyen bareng-bareng dhemo saiki padha oleh kalungguhan mapan. Menawa ana sing ora pikantuk kalungguhan ing legeslatif utawa eksekutif, biasane didadekake minangka anggota staf khusus. Kepepete digawekake lembaga tinamtu supaya tokoh kang mbiyen melu berjuwang kanggo njejegake negara bisa mlebu ana ing njero sistem. Bisa melu ngrasakake asile. Sebab mbiyen melu lara lapane.

"Aku trima anggon bebek wae ana ing desaku," tumanggape Hari nalika Eddy ngandharake tujuane anggone nemoni dheweke iku.

Hari kang mulih ana ing kampung sakwise lulus saka pamulangan luhur pancen banjur adeg peternakan bebek. Desane Hari kang ana ing kukuban Kabupaten Brebes, Jawa Tengah iku kawit mbiyen kondhang minangka sentra bebek.

Ya merga iku, sakwise lulus kuliah Hari Rajawali banjur ternak bebek. Ing desane, Hari banjur katelah Hari Bebek. Dudu Hari Rajawali kang katon gagah iku. Lan dheweke ora risi diundang Hari Bebek Kamangka dheweke dudu lulusan fakultas peternakan. Dheweke wong Fisipol. Tilas aktivis sisan. Kudune dheweke dadi politisi, pimpinan partai politik utawa mlebu birokrasi paling ora dadi camat.



"Ternak bebek iku pakaryan kang jujur. Saliyane iku aku ra kepengin urip saka dhuwite rakyat kang kedungsang-dungsang nyambut gawe, nanging mung ngakune wae wakil rakyat iku pranyata ora tau mikirake nasibe rakyat," ujare Hari luwih adoh.

Eddy mung meneng krungu kojahe Hari.

Tilas tokoh gerakan mahasiswa iku banjur crita kepriye pandengane wong-wong ing desane ngenani para wakil rakyat. Kepriye tumanggape marang para tokoh kang mbiyen minangka penggiyat reformasi nanging bareng dadi wakil rakyat malah melu-melu korupsi. Sing ngguyokake, ana sing dadi bintang iklan antikorupsi lan asring nampang ana ing televisi pranyata malah mlebu bluwen merga korupsi.

"Bayare gedhe, kerep nglencer menyang mancanegara, nanging tetep korupsi. Malah ana uga sing dadi makelar proyek," aloke Hari.

Akeh-akeh Hari anggone ngelehke kancane sing para tilas aktivis, sing saiki dadi anggota dewan lan ana uga sing mlebu birokrat. Kang pranyata ora bisa nyontoni dadi birokrat kang resik utawa wakil rakyat kang amanah. Nanging malah melu main. Nyatane durung suwe dadi wakil rakyat nanging wis bisa nduweni mobil mewah, omah mewah lan gaya uripe uga mewah. Dadi ora ana bedane karo para pejabat lan wakil rakyat kang mbiyen didhemo. Kaya bebek ing ngendi papan, bisane mung muni wek-wek-wek...

"Tinimbang dadi bebek, aku trima angon bebek tenanan. Arepa asile mung sithik nanging berkah," kandhane Hari nandhes.


Eddy kang maune arep ngajak Hari mlebu ana ing birokrasi dadi blangkemen. Ora bisa semaur. Eddy ngrumangsani, ana ing birokrasi dheweke durung bisa ndandani. Kepara sok-sok malah melu dolanan slinthat-slinthut. Wiwit gawe kwitansi kothong, tekan gawe proyek kang mung saderma ngentekake anggaran.

Kudu diakoni dening Eddy, ing bab iki Hari bener-bener idhealis. Merga ora kepengin bancakan dhuwit rakyat, tilas aktivis iku emoh mlebu birokrasi utawa dadi wakil rakyat. Milih adeg peternakan bebek. Merga disawang nduweni wawasan dhuwur, Hari ditunjuk kanca-kancane para peternak bebek minangka ketua kelompok peternak bebek. Pranyata dheweke bener-bener bisa ngesuhi kelompok peternak iku.

"Ana maneh alasanku kena apa aku angon bebek?" pratelane Hari kang ngemu pitakonan. Eddy mung ndhomblong. Merga Hari langsung njawab: "Sebab suwara bebek kang wek...wek.. wek iku kaya suwarane para wakil rakyat. Kadang suwarane pating cruwet. Nanging menawa kepentingane wis kasil diranggeh banjur pada koor wek...wek ... akhire setuju,"

Eddy mung mesem kecut. Agahan dheweke njaluk pamit kanthi alasan ana sidhang kang kudu dieloni. Nalika pamit mulih, swarane bebek wek..wek..wek iku kaya nyemoni dheweke. Mobil weton anyar iku tleser-tleser ninggalake peternakan bebeke Hari. Wek...wek...wek. Sadalan-dalan suwara iku terus keprungu njarem ana ing dadane Eddy.

***



Buku Lintang Panjer Esuk **(Foto-fid)**

THINTHINGAN

Sastra Jawa Tansah Nunggak Semi

Judul : Lintang Panjer Esuk
Anggitan : J.F.X. Hoery
Kaca : 148
Penerbit : Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB) lan Penerbit Azzagrafika (Yogyakarta)
Taun : 2018 (Juli)

AKEH buku Jawa sing saiki padha dicithak/diterbitake. Salah sijine sing anyar gres buku antologi crita cekak judhul *Lintang Panjer Esuk*. Buku mau diserat dening J.F.X. Hoery lan terbit Juli 2018. Antologi iki bisa diwaos kanthi kepenak. Saliyane baud nata warangkane (struktur) crita, sang pengarang uga bisa "nggodha" para maos lumantar pamilihing idhe crita. Racake, critane underane ing kutha cilik utawa padesan, paragane werna-werna asale anggawe cihnane crita cekak gagrak anyar. Satemene, maca crita cekak Jawa sing becik panulise iku ora mung maca babare pangentha-enthane si pengarang, nanging uga dadi sawijining plancongan mlebu alam Jawa sing khas, sing ngelingake ana adat sing bisa uga saiki wus ora padha diugemi maneh dening masyarakat Jawa amarga kabuncang ing maneka pangaribawa utawa pengaruh. Semono uga crita-crita cekak ing antologi iki. *Lintang Panjer Esuk* macak crita cekak: "Layang Wasiat", "Wisel", "Gelang Kalung", "Kawiyak", "Sumur", "Mengko Ketemu Maneh", "Wow, Dhasar Tlembug", "Uwit Natal Saka Surga", "Lintang Panjer Esuk", "Darsini", "Mbakyune Nyawang Kanthi Tajem", "Ing Teluk Popoh", "Tamperan Dadi Saksi", "Pusaka", "Griya Kontrakan", "Wakil Dhirektur", lan "Korbaning Katresnan".

Saka crita cekak sing dipacak ing buku iki katon menawa sang pengarang bisa mbabarake mapirang-pirang prakaraning manungsa sing gumelar ing satengahing masarakat: ana sing nggambarake bab kalunta-luntane pawongan sing biyen melu mbelani negara ngusir penjajah nanging tundhone malah wong njejaluk lan pungkasane mati ketabrak motor ("Layang Wasiat"). Crita cekak kasebut ditulis nalika dhek taun 1977 (luwih saka 40 taun kepungkur). Bisa uga, swasana *perang kemerdekaan* ing taun 1970-an isih nyawabi atmosfire masarakat lan dicathet dening pengarang, mula banjur digelar ing riptane.

Dene ing crita cekak "Wisel", ditulis taun 1984, nalika mratahe Operasi Pungutan Liar (Pungli) pengarang aweh paseksen lelakone wong cilik lugu saka karang padesan sing tansah dadi kurbane manungsa liyane amarga dhuwit kiriman dhuwit lumantar wisel saka anake paraga (Setro) *disunati* dening lurah desane lan sapandhuwure maneh. Wong sekeng mung dadi kurbane wong pinter lan kuwasa, ora suwalike sing kelakon.

Kemerene bojon carik desa karo wadon liya amarga panganggone kalah mompyor uga diserat dening pengarang. Kegawa saka tresna lan gemine si carik (Taryono) mula dheweke pungkasane crita nukokake bojone panganggo emas saka dhuwit celengane (sing diklumpukake mbaka sethithik sajrone limang taun). Bab iku ginambar ing crita cekak "Gelang Kalung". Crita prasaja sing aweh pitutur bab kasabaran lan kemeren.

Saperangan crita cekak sing wus kaandharake ing ndhuwur mau nganggo basa Jawa ngoko tumrap narasine. Nanging, ing antologi iki ana patang crita cekak sing narasine nganggo basa krama. Satemene, sawuse jaman Bale Pustaka, crita basa Jawa kuwi nganggo basa ngoko (narasine). Ewa semono, pilihan narasi migunakake basa krama uta ngoko kuwi gumantung marang pengarange dhewe-dhewe. Ing antologi iki ana papat (4) crita cekake J.F.X. Hoery sing migunakake basa krama minangka narasine.

Ngripta karya sastra (Jawa) kuwi satemene, ana saperangan (embuh gedhe apa cilik), si pengarang gawe "cathetan" mungguhing kahanane masarakat sing gumelar. Kabeh kelakon jalaran, racake, yasan sastra gagrak anyar (modheren) kuwi wiwitan lan sing dadi underaning rembug (prakarane) tuwuh saka ing madyaning bebrayan agung manungsa. Srawunge manungsa siji lan sijine nglairake anane lelakon sing maneka warna. Lelakon sing mangkono mau akeh banget wujude. Kurang lan luwihe antologi iki bisa menehi gegambaran yen sastra Jawa iku tansah nunggak semi. **(dpp)**

KAKAWIN SUTASOMA: MULANG TOLERANSI

KAKAWIN *Sutasoma* ditulis dening sang kawi Mpu Tantular nalika jamane Rajasanagara (Hayam Wuruk) lagi kuncara-kuncarane ngasta punjering praja Majapait ing abad ka-14 Masehi. Karya sastra anggitane Mpu Tantular iku, kira-kira ditulis sabubare taun 1365 M lan rampung udakara taun 1389 M sasurude Rajasanagara ing kasidan jati.

Dewa sing dipundhi dening Mpu Tantular dewa Sri Bajrajnana kaya sing disebutake ing pada sepisan *Kakawin Sutasoma*: *Sri Bajrajnana sunyatmaka parama siranindya ring rat wisesa/ lila suddha pratisteng hrdaya jaya-kayagken mahaswarggaloka/ ekacatreng sariranguripi sahana ning bhur bhuwah swah prakirnna/saksat candrarkka purnadhabhuta ri wijil iran sanga ring boddhacitta//* Sri Bajrajnana (Sang Buddha) wujud sampurna saka *sunyata*, yaiku sing paling luhur ing rat/ ening murni anteng sing jaya ing surga agung/Panjenengane saka wewujudane sang Pangayom sing nguripi telung bumi langit lan swarga sing ora kawilang wujud lan pasuryane/ sumunare pindha srengenge lan rembulan nalika tumus ing pikiran Sing Kapadhangake Sampurna//

Kakawin Sutasoma kalebu sastra Jawa Kuna relijius adhedhasar aliran Buddha Mahayana. Ing kono katon banget gegebengan Bodhisattva, yaiku sawijining wong sing duwe tekad dadi Buddha saprelu kanggo karaharjaning saben titah ing ngarcapada. Bab iki bisa kasemak saka tembung *Bodhicitta* sing tegese pepenginan luhur kanggo nggayuh kabudhan.

Kejaba iku, *Kakawin Sutasoma* uga dipangaribawani dening filsafat Madhyatmika saka ahli filsafat Buddhis Nagarjuna sing Agung lan ora liya iya piwulang bab *sunyata*. Aneng filosofi Mahayana, *Sunyata* iku ajaran Buddha sing dipadhakake karo piwulang *Madhyama Pratipada/majjhima pattipada* utawa *pratitya samutpada* (kahanan sing padha gumantung: relativitas). *Sunyata* diterjemahake suwung, tinarbuka, ora maujud, lan bab sing ora bisa disampyuh. Minangka kakawin sing asipat Buddhis, *Kakawin Sutasoma* ngatonake ciri Buddhistis-e, yaiku musuh ora diremuk suwalike malah dirangkul lan diowahi dadi kanca, diwulang supaya ninggalake kadurjanan supaya dadi wong becik lan migunani. Ing kakawin iki, piwulang mau dipralambangake lumantar lelakonan nalika ditelukake nagaraja, gajawaktra, lan macan wedok sing wusanane bisa nampa kaluwaran sing sampurna utawa *nirvana*.

Anane *Kakawin Sutasoma* padha ngelingake marang anak putu jaman saiki yen satemene ing tanah Jawa (lan Nusantara umume) sing jenenge beda-beda (majemuk/ plural) wus padha diajeni. Ing karyane iki, Mpu Tantular ngelingake marang semboyaning bangsa Indonesia *bhinneka tunggal ika tan hana dharmma mangrwa*. Tetembungan mau kapacak ing *Kakawin Sutasoma* pada 139.5. Ing buku kasebut, Mpu Tantular ngajab supaya antarane wong-wong sing ngugemi agama Hindhu Siwa lan Buddha Mahayana ing jaman Majapait padha tansah ngajen-ingajenan sanajan beda kapitayane. Ora prelu padha padudon rebut bener. Apa sing beda iku bisa kasemak saka wewangunan candhi lan pepethan pamujan. Panemu becik mau dilestarekake dening Pemerintah RI lan diwujudake aneng lambang negara Garuda Pancasila. Yen jamane Mpu Tantular bhinneka mau kanggo ngrukunake beda agama, dene ing jaman saiki ngrukunake anane bedaning agama, bahasa, adat, budaya, lsp ing Nusantara. **(dpp)**



Pameran Panji Internasional 2018 ing Gedung X Koni Sonobudaya **(Foto-fid)**

Diembani dening Dinas Kebudayaan DIY tuwin Balai Bahasa DIY

Tembung Magepokan Karo Kayu Jati

BASA Jawa kuwi sugih tetembungan. Mula jeneng ora aneh menawa kanggo perangan-perangan tartamtu duwe jeneng-jenenge dhewe. Ing jagading olah tetanduran kayu jati, uga bisa tinemu bab tembung-tembung utawa istilah sing mligi. Kegawa saka kualitase, mula dening masarakat Jawa, kayu jati mau banjur diwenehi aran/tenger miturut kahanane.

Kejaba iku, saka becik lan orane sarta saka arane, jati-jati mau bisa nuwuhake/mangaribawani kahanan tartamtu marang sing ngenggoni omah.

Pancen wong Jawa iku kalebu gegolonganing masarakat sing kebak ing semu sarta lambang-lambang, kalebu anane kayu jati mau. Adhedhasar jinis palemahan tuwuhe kayu jati, para ahli bangunan/omah tradisional bisa mbedakake kayu jati ala lan apik, upamane jati sing atos lan alus diarani Jatibang; Jati Kembang/Jati Sungu kanggo njenengi jati sing ulese semu ireng, urate ana emperane gambar kembang lan sungu, nanging kualitase sangisore Jatibang; dene jati sing urip ing lemah ireng lan empuk disebut Jati Kapur lan ringkih yen dianggo gawe omah.

Wewujudan wadhage jati wus nduweni jeneng/aran miturut saka papane tuwuh, urate, atos-empuke, lan kabeh mau mratandhani yen jati kalebu kayu sing 'luhur'. Kegawa saka mangkono mau (luhur), jati bisa mangaribawani marang sing padha nganggo nalikane kayu mau dianggo dadi omah/dalem.

Jati aran Trajumas, wite cawang telu lan becik sipate jalaran bisa mangaribawani kahanan becik marang sing manggon omah sarta akeh rejekine. Trajumas becike kanggo warangake omah sisih ndhuwur kayata molo, blandar, pengeret, kerbil, lsp.

Pandhawa arane kayu jati cawang lima, becik lan kuat kanggo pendhapa, mligine kanggo saka guru. Dene pangaribawane bisa ngayomi marang sing ngenggoni. Kayu jati jeneng Uger-Uger, yaiku jati acawang loro, becike kanggo gawe lawang, cendhela, lan lawang regol. Jati aran Pandawa becik kanggo wewangunan dalem jalaran bisa nuwuhake rasa adhem lan tentrem/damai marang sing nglenggahi.

Kayu kayu jati aran Tanjung, yaiku wit jati sing biasane kanggo pencokan manuk-manuk gedhe. Kayu jati iki bisa menehi kabegyan marang sing manggon jalaran marakake munggah pangkat lan gampang anggone nggayus drajat pangkat dhuwur. Kejaba kanggo dalem, jati Tanjung apik kanggo gegaweyan gedhogan (kandhang jaran).

Jati aran Molo yen kanggo gawe omah kalebu becik jalaran mangaribawani sing manggon gampang anggone nggayuh pepenginane. Jati kasebut apike kanggo gawe pendhapa, kayadene jati Pendhawa.

Gendhong, yaiku kayu jati sing asale saka wit jati mrajak sarta becik kanggo gawe yasa dalem jalaran nggangsare sing kagungan/manggon anggone golek rejeki.

Munggang arane kayu jati sing tuwuh lan uripe ana ing gumuk. Pawongan sing gawe omah/dalem saka jayu jati Munggang bakal nampa sempulure rejeki dalasan drajat pangkat sing luhur. Jati Munggang cocok menawa dianggo gegaweyan regol, omah peristirahatan utawa dalem.

Kayu jati aran Gendam yaiku jati sing asale saka wit jati sing sok dianggo pencokan manuk-manuk cilik. Menawa kanggo yasan bangunan apik kanggo kandhang ternak utawa gedhogan (kandhang jaran). Munggang mahanai rejeki lumintu lan disuyudi dening tangga kanan-kering tumrape sing kagungan.

Gedheg, yaiku jinise jati sing akeh gembolone (tonjolane) lan nduweni sipat kaya jati Gendhong.

Gedhug, yaiku jinising kayu jati sing akeh gembolone, nanging gembolo mau memper gandhik (watu gilingan jamu). Cocok kanggo gawe kandhang lan dayane bisa marakake gampang golek rejeki tumrape sing ngenggoni.

Kayu jati kaya sing diandharake ing ndhuwur mau, kabeh nduweni sipat lan pengaruh sing becik marang sing padha nganggo. Ananging, ana ing kabudayane wong Jawa, kayu jati uga bisa marakake kahanan dadi ala adhedhasar aran lan sipat-sipate.

Jati sing nuwuhake kahanan ora becik iku antarane diarani Sadhang, yaiku kayu jati sing nyebabake kasangsaran marang sok sapa bae sing nganggo bangunan/dalem/omah jalaran kayu jati mau asale saka jati ambruk lan nalikane ambruk malang ing satengahe kali utawa jurang.

Sondho, yaiku kaya jati sing nalika ambruk sendhen ing wit liyane. Kaya kaya ngene iki bisa marakake cilaka lan ngudhunake drajar martabat marang sing manggon (nek digawe omah).

Prabatang, yaiku kayu jati sing asale saka wit jati sing wus ambruk, menawa kanggo gawe omah bisa marakake hoyage status sosiale sing ngenggoni. Gronang, iku arane kayu jati sing asale saka wit jati sing rubuh dhewe lan nalika rubuhe gawe bingunge sato kewan aswara sero. Menawa kanggo gegaweyan omah/dalem, Gronang bakal nuwuhake tumindak sing ora becik tumrape sing manggoni.

Gronggang: kayu jati asale saka wit dhek rubuhe amarga ora sengaja keangkat dening wit-witan liyane. Mula, wit jati Gronang ora becik sipate jalaran yen kanggo yasa dalem bisa marakake sing kagungan/ngenggoni direridhu menawa arep gawe kabecikan marang liyan.

Klabang Pipitan, yaiku kayu jati sing asale saka wit jati glondhongane ana kulite. Yen kanggo gawe omah/dalem, Klabang Pipitan ora becik sipate jalaran bisa mahanani kesehatane sing manggon/ngenggoni.

Sujenterus, arane kayu jati sing asale saka wit jati bolong (nembus). Marang sing padha manggon dalem sing warangakane saka kayu jati mangkono mau bisa nuwuhake kacilakan.

Buntel Mayit: kayu jati sing asale saka wit jati kropos njerone. Mula, tumrape wong sing manggon ing omah kayu mangkono mau bisa nyebabake lalen lan kena lelara.

Gombang, yaiku kayu jati sing asale saka wit jati tuwuhe kececem banyu lan ketindhihan watu. Marang wong sing padha nganggo kayu mau bisa kasawaban nasib ala.

Sarah: kayu jati sing asale saka wit jati ambruk lan kegawa ilining kali. Kanggone wong sing padha nganggo kayu mau, dheweke dadi wong sing seneng apus-apus lan bakal gela kedawa-dawa.

Nyemak saka sakehe aran tumrape kayu jati lan apa walade mau, awak dhewe kabeh bisa ngawruhi menawa jeneng-jeneng mau anane didhasari karo sipat-sipate lan kahanane. Yen dijingglengi ngango nalar (rasio), pancen kaya-kaya kabeh mau sawijining peprenesaning basa sing edi peni. Ananging, carane wong Jawa anggone njumbuhake tenger/aran/jeneng iku ora mung adhedhasar penalaran bae, uga awewaton saka petung lan pangajab luhur, kalebu jinising kayu jati.

Saka kene, awak dhewe kabeh kaelingake (menawa lali) anane larasing urip sing ora bisa misah saka 'kukubane' utawa lingkungan alame. Daya sing sinengker aneng kayu jati mau (becik lan ala), bisa diarani sawenehing pralambang simbol tekan ngendi vision-e manungsa (Jawa) anggone napake laku uripe: ngati-ati.

Ngremite petung lan arane kayu jati kaya mangkono mau ora bisa diprasajakake karo cara-cara pragmatisme kaya jaman saiki. Lire: menawa ana sing ngarani kabeh mau gugon tuhon alias omong-kosong ya kasumanggake bae. Nanging, sasmitane lelakon sing sanyata kaya ngono mau, mesthine ora mung kepengin apus-apus.

Dhanu Priyo Prabowo
Peneliti Balai Bahasa DIY



Anom Suneko ing Musikalisasi Sastra 2018 ***(Foto-fid)***

Tangan Yaksa Satata ning Jalma

Cakil gaya Yogyakarta
(foto-tokohwayangpurwa.blogspot.com)



JARENE, wayang Buta Cakil riptan jaman Sultanagungan. Panembahan Anyakrakusuma (Sultan Agung) ngasta bawat Mataram Kuthagedhe-Kerta-Pleret, 1613-1646. ***Tangan,*** 2. ***Yaksa,*** 5. ***Satataning*** 5. Lan ***Jalma,*** 1. Sengkalan 2551, utawa 1552 Taun Jawa, 1630 Masehi. Wujude, wayang buta tangan loro obah. Nalika iku, lumrahe wayang buta, tangane siji sisih ngarep. Tangan sing sisih wuri, tumemplek dadi siji karo awak, nylekethem. Buta tangan loro, pindha jalma ing patrap solah bawane.

Bareng ana wayang buta yasan anyar, wujude banjur katelah Buta Cakil, yaksa kang tangane ngarep mburi bisa diobahke kabeh kaya lumarahe wayang satriya, banjur padha gawe oncek-oncek bab wolak waliking jaman, mobak mosiking kahanan. Nalika jaman iku wujud lan wateging yaksa ginambarake tangan siji, dene wateg wujude jalma lumrah ginambarake tangan loro isa kaobahake dening dhalang.

Jarene wong akeh, wayang buta tangan loro iku yasan saka kersane Sultan Agung, 1630. Taun iki udakara setaun sawise kalindhih onggone kaping pindho nglurug Walanda, nggecak perang Batavia, 1626-1629. Buta Cakil iku kanggo gawe sasmita pratandha yen patrap lan tindak tanduking manungsa wis katon kaya candrane buta, lan saya akeh wateging yaksa kang nyamar satriya tama. Yen kadudut saka Sengkalan ***"Tangan Yaksa Satataning Jalma"*** (1552/1630), bisa uga paring pratandha tumekane jaman nalika jalma lan yaksa wis samar bedane, malah yaksa wis lamis tata jalma. Semono uga, saya akeh jalma manungsa kang laku patrape memper yaksa, wateg buta candrane.

Ing jaman kawuri, nalika ana yasan wayang anyar, adate banjur kawuwuhi sengkalan. Dene sengkalan iku ora wujud aksara pangrengganing tembung. Sengkalan kalebu "sastra tanpa tulis", tegese kawuwuhake ing pepethan, upamane ana ing ukir, tatah, sungging, kang kudu kawoas lan kaweca dening kang winasis. Kayata ing wayang Cakil, wujud kang sanyata beda kalawan wayang yaksa liyane, ana ing wewujudan tangan loro bisa obah kabeh. Bisa kawaca asta utawa tangan. Praene, mrenges untu mrajak siung mingis, polatan dangak, matane dudu plolon nanging pidhit ngliyep rembes, sasar susur srongoh kemproh pangucape, ora cetha tembunge, bedhigasan tandang grayange, keris ligan gegamane. Kelakuan kaya mangkene iki pindha solah tata jalma. Tangan yaksa satataning jalma, polahing buta kang memba-memba satriya, polahing jalma kang memper srengate yaksa.

Buta Cakil uga kasinungan dadi lakon panggodhane satriya kang mangsah semedi, satriya kang nedheng nempuh laku utama lampah puja. Palang reridhune tansah bisa kabrasta, Cakil tansah sirna ing pabaratan dening lantip lan landheping patrap satriya tama. Nanging, Cakil kaya-kaya langgeng uripe, bola-bali mati, saben-saben urip maneh mrepegi lakune satriya, bebegal pasang panggirigodha. Cakil, Gendirpenjalin, paring sasmita yen sedya tama iku mesthi gedhe girigodhane. Lakutamaning satriya, saguh subrasta dur angkara. Cakil, iku wasita pepeling kang sinandi marang para satriya tama anggone padha mesu budi memayu hayuning bangsa supaya tansah waskita lan waspada. Pepalang girigodha gedhe iku uga tansah sinamun sarwa sinamudana. Ngalam donya werna-werna kahanane, ora kabeh kacawis cetha wela-wela. Sengkalan, cara wulang sandi pambabaring werdi kang sejati. ***(Saka pirang-pirang sumber/pdm)***

ameng-ameng: ngenggar-enggar ati sarana mlaku-mlaku; di**ameng**ake: diajak dolan-dolan.

cantrik: abdining pandhita ngiras dadi murid; nyantrik: ngabdi marang pandhita.

mampir: medhayoh utawa leren sadhela ana ing panggonan kang kedalanan.

mertamu: medhayoh.

mertapa: tapa, tapabrata: nglakoni matiraga sarta sumingkir saka ing alam rame.

nangga: sanja menyang ing tangga.

nenepi: menyang ing panggonan kang sepi, kayata nglakoni tapa.

ngenger : ngabdi utawa melu marang wong liya, dadi batur, dingengeri yaiku diiloni.

njunjug: marani, langsung tumuju papan sing dijujug, adhakan, gampang ketemu ora ndandak

mampir.

plancong: mlancon, lunga plesir-plesir, dolan-dolan, mlaku-mlaku, plesiran.

plesir: mlancong, dolan-dolan.

sanja: madhayoh ana ing tangga prelu omong-omongan; kesanja: baya, kena ing kacilakan ana ing pasanjan (paran).

tinjo: tilik, madhayoh.

tilik: tuwi, menyang ing panggonaning liyan (wong lara lsp).

ujung: ngabekti sarana ngambung sarta nyembah dhengkul.


kapethik saka Bausastra Jawa

Akronim lan Singkatan

Akronim bisa ditegesi garba huruf, wanda, tembung utawa perangan tembung kang sabanjure dadi tembung kang lumrah kayata Kopasus, Babinsa, lan Babinkantibmas. Singkatan ditegesi wujud cekak saka tembung utawa kelompok tembung kang dadi gabungan huruf kayata K.G.P.A.A., G.B.P.H., lan K.P.H. ing gelar kraton.

Singkatan

K.G.P.A.A. Paku Alam X



G.B.P.H. Suryodilogo





K.P.H. Indrokusumo



Akronim

Kopasus  ‘Komandan Pasukan Khusus’

Babinsa  ‘Bintara Pembina Desa’

Babinkantibmas  ‘Bintara Pembinanaan dan Keamanan Ketertiban Masyarakat’



Wisudhan kalenggahan ing Bangsal Sewatama Pura Pakualaman. ***(Foto-fid)***

Serat Kidungan

SERAT Kidungan punika koleksi Kraton Ngayogyakarta kanthi kodhe Bh.29. Naskah kasebat dipunserat duk nalika jamanipun Sri Sultan Hamengku Buwana Kaping V, inggih awit dhawuh dalem Sultan. Isinipun kekidungan murih rahajarning gesang. Dene ingkang kapethik punika naskah kaca 2, pupuh Dhandhanggula, pada 1 dumugi 3, katambahan pada 3 kalih (2) gatra.

(1) Kumenduring bintang Léyo sangking, ing Néderlan ngrenggani kedatyan, Ngayogyakartadi kaot, mangkya karsa umangun, kidung ingkeng rumekswèng latri, teguh yu dohing lara, keh bilahi luput, jim sétan tan purun samya, geni temah tirta maling doh tan wani, guna duduk pan sirna.

(2) Sakèhing lara pan samya bali, sakèhing ama pan samya mirud, welas asih panduluné,sakehing braja luput, kadi kapuk tibanirèki, sakèhing wisa tawa, sato kurda tutut, kayu agung lemah sangar, songing landhak guwaning wong lemah miring, pakiponaning merak.

(3) Pangupakaning warak sekalir, pan winaca ing segara asat, temahan rahayu kabèh, dadya sarira ayu, ingideran sing widadari, rinekswèng Malaékat, sekathahing Rusul, pan dadi serira tunggal, Nabi Adam utekku Bagendha Esis, ucapku Nabi Mungsa.


(4) Napasku Nabi Ngingsa linuwih, Nabi Yakub pamimaryaningwang, (**dpp**)



(Foto-repro naskah)

Babad Krajan

Serat Babad Krajan punika anyariosaken Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat nalika panguwaosipun Sampeyan Dalem Sri Sultan Hamengku Buwana Kaping III. Babad Krajan kaserat dening Sri Sultan Hamengku Buwana Senapati ing Ngalaga Sayidin Panatagama Kalipatolah Ingkang Kaping V. Ing mriki kacariyosaken menggah kawontenanipun tuwin ewah-gingsiripun Kraton. Dene ingkang kapethik punika naskah kaca 4, pupuh Kinanthi, pada 17 (saperangan) dumugi 30.



(Foto-repro naskah)

18. "Wus pasrahing sira ingsun, mangsa bodho lehmu mikir, ing-(k.4) one prajurit sabrang, rembugen ingkang gilig, karo si Sastraatmaja, ingsun ora nguningani."
19. Jeng Ratu Kencana matur, "Kula klilana kapanggih, dhateng Mas Sastraatmaja," Sang Nata ngandika aris, "Yen sira bakal kapanggya, tan ewuh pangrasa mami."
20. Nengna jroning ing kedhatun, gantya kang winarna malih, ingkang atata barisnya, Jeng Pangeran Mangkubumi, mapan dereng mirsa warta, yen keng raka madeg aji.
21. Nelukken wong desa kumpul, Jeng Pangeran ngandikeng abdi, "Yen dudu Kangmas Dipatya, kang dadya nateng Mantawis, datan arsa mulih ingwang, ingsun rebuting ajurit.
22. Wartane apan misuwur, paman Natakusuma wis, anggenteni Kangjeng rama, yen estuwa kang pakarti, tan sae ngambah nagara, sun lebuh Kangmas Dipati.
23. Lan taksih awrat grahipun," Jeng Pangeran Mangkubumi, sangking kembenging kang karsa, sanget ribete kang galih, mangkana nulya ngandika, andhawuhi ingkang abdi.
24. "Ingsun arsa mangkat esuk, ngulati papan kang becik, ingkang ajembar polatan, lan ngangin-angin pawarti, yen temtu Kangmas Dipatya, ingkang jumeneng narpati.
25. Mangsa bedaa kang mangju, lan panjenengan Kyai," lagya eca angandika, Jeng Pangeran Mangkubumi, kasaru duta kang prapta, sangking nagri gya tur bekti.
26. "Kawula Gusti ingutus, mring Rakamta Sri Bupati, matedhakken salam donga, lan kinen maringi uning, ingkang jumeneng Mantaram, Raka Dalem Kangjeng Gusti.
27. Lawan Kaping Tiganipun, sampeyan dipuntimbali, ing Rakamta Kangjeng Sultan, Sri Narendra ing Mantawis, kerida salampah kula," Jeng Pangran ngendika aris.
28. "Ya wis lega atiku, yen Kakangmas Adipati, ingkang jumeneng narendra, aneng nagari Mantawis, Amat Brahim ya sandika, lamun aku ditimbali.
29. Nora sumelang atiku, yen Kangmas jumeneng aji," Jeng Pangran kundur kapanggya, mring garwa maringi uning, "Mau ana Gandhek prapta, utusan sangking nagari.
30. Den Ayu wus trang pangrungu, yen kangmas madeg narpati, utusane pan wu-(k.5)s prapta, nimbali aku sakiki, kinen mulih mring nagara, karsane Kaka Sang Aji." **(dpp)**

WACAN LESAN

KAYU PETIR ING GUNUNGKIDUL


GUNUNGKIDUL ing sisih kidul ana pategalan kang kebak wit-witan arupa alas gung liwang-liwung kang gawat kaliwat wingit kepati lan durung tau kesambah menungsa. Sapa wae kang wani liwat apa dene malah mlebu papa iku bakal nemu kacilakan.

Ing sawijining wektu, ana sepasang lanang-wadon kang sabanjure dingerteni kagungan nama Ki Kenthung lan Nyi Kenthung. Ki Kenthung lan Nyi Kenthung nduwe niyat ndadekake pategalan kang miturut masarakat sakiwa tengene minangka alas kang wingit bakal didadekake papan dunung kang kebak makmur. Ki Kenthung lan Nyi Kenthung yakin yen papan iku bakal dadi papan kang reja kebak karejeken menawa bisa ngereh kang mbaureksa. Sabanjure, Ki Kenthung lan Nyi Kenthung atur payuwunan mring ngarsaning Gusti Ingkang Maha Kuwasa murih pategalan kasebut bisa dadi papan dunung kang gemah ripah.

Saka kawaskitaning Ki Kenthung lan Nyi Kenthung lan jinawab mring Gusti, konjuk dongane kasembadan, banjur kaleksanan mboyong kayu gedhe kang namane Kayu Petir minangka punjering papan iku. Sabanjure, minangka watesing papan, Ki Kenthung lan Nyi Kenthung nandur wit-witan saka maneka jenis kayu. Pojok sisih Lor Wetan ditanduri kayu Wiyu kang mengku teges ‘winahyu’, ing sisih pojok Kidul Wetan nandur kayu Jati lan Walikukun kanthi mengku teges ‘sejatine wali pikukuh’, ing pojok Kidul Kulon nandur kayu Sambi kang mengku teges ‘sembada’, kang pungkasan ing sisih Lor Kulon nadur kayu Radualas kang mengku teges ‘rinengga’.

Wates saka patang pojokan iku katanem kayu Sambi, Randhualas, Wiyu, Jati, lan Walikukun kang yen dietegesi sacara wutuh mengku teges yen samangke pategalan kang bakal dadi papan pangupa jiwa masarakat iku bakal antuk sembada, rinengga, sejatine wali pikukuh.

Mangkono mula bukane Desa Petir, Kecamatan Rongkop, Kabupaten Gunungkidul. Masarakate tumekan saiki taksih mengeti madeging Desa Petir kanthi nggelar bersih dhusun lan rasul minangka umbul donga wujud rasa sokuring masarakat mring Gusti kang Akarya Jagad. Pengetan iku kalaksanan saben setaun sepisan kanthi etangan Jawi mawi etangan pawukon Wukir, Warigajan, lan Merakih. Senin Pahing katetepake minangka dumadine Desa Petir kajumbuhake karo kasembadaning payuwunan Ki Kenthung lan Nyai Kenthung kang kalaksanan ing dina Senin Pahing. **(hay)**




(Foto-fid)

Dol Bengkulu Mampir Yogya

SENI Dol, tetabuhan rampak kendhang gedhe saka Kota Bengkulu, mampir lan beber ing panggung Taman Budaya Yogyakarta (14/8). Rombongan seni kang kawengku dening Dinas Pendidikan Kota Bengkulu iku maringi seni Dol, nabuh lan jejogetan rampak gendhang gedhe. Cacahe ana papat, diangkat lan digendhong mider-mider karo ditabuh rampak, ya tabuhan ing kulit kendhange, ya tabuhan ing kayu kedhange. **(fid)**

Festival Ketoprak DIY 2018 Kuloprogo Juwara

FESTIVAK Kethoprak sa-DIY (25/8) 2018, Kontingen Kabupaten Kulonprogo, sasap. Dene urutan kang sasap, nomer 2 Kabupaten Gunungkidul. Nomer 3 Kabupaten Bantul. Nomer 4 Kota Yogyakarta lan 5 Kabupaten Sleman. Juri Festival, Prof. Dr. Yudi Aryani, M Sugiyarto, Drs. Untung Mulyono, M.Hum, Slamet HS lan Heruwati. Festival dikepyakake dening Kepala Dinas Kebudayaan, Budi Wibowo, S.H. M.M kang ngendika yen ing taun 2019 sadurunge festival bakal kaadani workshop kethoprak. **(lat)**


(Foto-fid)


(Foto-fid)

"Wayang Eksperimen" TBY

EKSPERIMENTASI Wayang? Mangkono kang dikarepake. Nanging, wayang kang kacawisake dening Taman Budaya Yogyakarta liwat dalan mudha Fani Rickiyansyah lan narasumber Ki Edi Suwondo lan Ki Udreksa saka Pepadi DIY katon lagi nedahake cara beda ngecakke pakeliran. Durung katon wujud takeran "eksperimentasi", sanaja ya bisa narik kawigatene penonton. Dening seniman MC Wahyono Giri dicandra minangka "wayang teater". Lakon "Kasetyaning Wanodya" iku ngonceki wateg lan kapribadhene Dewi Banowati. (fid)

Festival Rintisan Desa Budaya Bantul



(Foto-Ari)

DINAS Kebudayaan Kabupaten Bantul ngadani Festival Rintisan Desa Budaya. Festival ana ing Lapangan Desa Pleret, (26/8). Ing papan iki digelar seni-senitradisi kayata jathilan, wayang wong, kethoprak, srandul, karawitan, sendratari, calung lan pangangan tradhisional kang kacawisake dening 15 Rintisan Desa Budaya sa Kabupaten Bantul. Ngendikane Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Bantul, H Sunarto, S.H.,M.M., kanhti festival iki seni budaya ing Bantul kaajab bisa saya unggul mumbul lan rumaket ing masarakat. **(fid)**



(Foto-Ari)

Jathilan Kampung Beber Gumyak

SENI Jathilan terus sumebar. Warga dhusun lan kampung seneng padha nanggap seni Jathilan, malah akeh kang padha nanggap Jathilan saka kampunge dhewe. Saben sasi Agustus, grup-grup jathilan laris manis tampa tanggapan. Sanajan Seni Jathilan iku seni prasaja, nanging warga adreng lan temen anggone padha gegulang lan marsudi. Kaya kang diadani ing Dusun Gedhongan, Desa Sinduadi, Mlati Sleman (1/9). Grup Jathilan Turangga Kartika gupuh sengguh anggone padha kiprah caos lelipur mring warga. **(lat)**

Naskah Mandiri Festival Kethoprak Bantul



(Foto-Ari)

KECAMATAN kontingen panyarta Festival Kethoprak Bantul padha yasa naskah dhewe. Mligine ngunggah carita-carita kang magepokan karo legendha utawa babad rakyat kecamatan utawa desa lan dhusun ing tlatahe dhewe-dhewe. Lakon kang kababar ing festival 25/29 September kepungkur. Meh kabeh lakon anyar yasan anggota kontingen. Mung saperangan wae kang ngagem lakon saka carita kang wisa kawentar, kayata Rara Hoyi, Bedhah Madiun, lan Arya Penangsang. Mula, festival iki katon monjo awit saka wis sumebare kabisaan nulis naskah lakon. **(fid)**

BALE SIGALA-GALA

cergam Mulyantara





Golong gilig
Manunggaling
kawula Gusti



kaligrafijawa dening Suhadi lqra Hanacaraka

ISSN 2085-2673